

• •

# **Medikaman: ki jan pou nou sèvi ak medikaman ki ekri nan liv sa a, ki dòz pou nou bay, e ki prekosyon pou nou pran**

Nan chapit sa a:

<b>Ki lè pou nou sèvi ak medikaman yo .....</b>	<b>463</b>
<b>Ki jan pou sèvi ak medikaman yo san danje .....</b>	<b>464</b>
Suiv preskripsyon oubyen endikasyon ki bay pou remèd la jan yo di a, san wete san mete.....	464
Pa bwè twòp medikaman .....	464
Evite bwè plis pase yon remèd anmenmtan .....	464
Chèche konnen ki pwoblèm yo ka bay, epi ki jan pou rekonèt yo .....	464
<b>Ki jan pou nou bay medikaman .....</b>	<b>467</b>
Non medikaman yo .....	467
Nan ki fòm nou jwenn medikaman yo .....	467
Ki dòz medikaman pou nou bay .....	468
<b>Kalite medikaman .....</b>	<b>470</b>
Antibiotik .....	470
<b>Ki jan pou nou sèvi ak lis medikaman an.....</b>	<b>472</b>
<b>Lis medikaman nan lòd alfabetik .....</b>	<b>473</b>
<b>Konprime planin .....</b>	<b>490</b>
<b>Medikaman ki pou trete VIH/SIDA .....</b>	<b>492</b>


# MEDIKAMAN

**KI JAN POU NOU SÈVI AK MEDIKAMAN  
KI EKRI NAN LIV SA A, KI DÒZ POU NOU BAY,  
E KI PREKOSYON POU NOU PRAN**

Medikaman se remèd ki sèvi pou ede kò a goumen ak pwoblèm li ka genyen, tankou lè fi ap bay san, lè yo fè alèji, oubyen lè yo gen yon enfeksyon. Gen medikaman ki kalme doulè a.

Lè nou pale sou medikaman ki nan liv sa a, nou vle pale sou medikaman nou jwenn nan famasi ak nan remèd fèy, sa vle di toulede. Men pifò remèd ki nan liv sa a, se remèd famasi yo ye, ki bon pou trete pwoblèm fanm ak tibebe yo pandan gwo sès la, nan moman akouchman an, epi apre yo fin akouche.

Chak zòn, chak peyi gen remèd fèy pa yo; yo pa sèvi ak menm remèd tout kote. Konsa, menmsi moun nan yon zòn konn sèvi avèk kèk remèd fèy, nou ka pa jwenn yo nan yon lòt zòn. Si gen bon remèd fèy nan zòn pa nou, tanpri, ekri yo nan liv sa a, nan dènye paj yo.



**ATANSYON!** Jeneralman, gwo sès ak akouchman se bagay nòmal, epi yo pa mande sèvi ak medikaman. Yon fl ki gwo vant ka regle pifò pwoblèm sante si l pran ti repo tanzantan, si l bwè anpil likid, epi si l manje bon kalite manje. Medikaman yo koute chè, epi anpil ladan yo ka bay pwoblèm, oubyen yo ka mete yon fl oubyen tibebe a an danje. Lè yon fl ki gwo vant oubyen k ap bay tete ap bwè medikaman, pifò ladan yo ap pase nan san tibebe a. Se poutèt sa, toutotan yon fanm ansent oubyen yon fanm k ap bay tete pa ta pran medikaman ditou, li pi bon pou li.

## Ki lè pou nou sèvi ak medikaman

Sèl kote pou nou bay yon fi yon medikaman, se lè nou konnen ki pwoblèm li genyen, epi nou konnen san dout ke medikaman an bon pou trete l. Gade nan paj 13 pou w ka wè ki sa ki bay pwoblèm nan ak ki tretman ki bon pou li.

Anvan w bay yon fi medikaman, poze tèt ou kesyon sa yo:

- Èske l ka refè san l pa bwè medikaman?
- Èske gen yon remèd fèy ki ka trete pwoblèm nan menm jan ak medikaman nan famasi, oubyen pi byen toujou?
- Lè w kalkile konbyen medikaman an koute epi ki danje ki gen ladan l, èske w wè li toujou pi bon pou l pran medikaman an kanmenm?

## Ki jan pou sèvi ak medikaman yo san danje

- Suiv preskripsyon oubyen endikasyon ki bay pou remèd la nan jan yo di, san wete san mete
- Pa bwè twòp medikaman
- Evite bwè plis pase yon remèd anmenmtan
- Chèche konnen ki pwoblèm yo ka bay, epi ki jan pou rekonnèt yo
- Chèche konnen tout sa w ka konnen sou medikaman an

### Suiv preskripsyon ki bay pou remèd la jan yo di, san wete san mete

Gen anpil medikaman, sitou antibiotik yo (paj 470), kote moun dwe pran yo pandan yon kantite jou. Sinon, yo pap bay rezulta. Lè yon fi ap bwè medikaman,



fòk li bwè yo pou tout kantite jou yo di li pou l bwè yo, menmsi li santi l fin refè. Se paske mikwòb ki pi fèb yo ap mouri pi vit, epi mikwòb ki pi fò yo ap reziste pou pi lontan. Sa mande plis tan pou touye yo. Si nou pa touye yo tout, enfeksyon an ka tounen sou malad la. Plis pase sa, mikwòb yo ap vin pi fò, e sa ap fè medikaman an vin pa kapab aji sou yo ankò.

Konsa, ni fi ki pa t fin suiv tretman an, ni moun nan kominote a, yo ka trape menm maladi a. Epi medikaman an pap ka konbat mikwòb sa yo ankò.

*Èske doulè a  
pa ta pase si  
m ta pran plis?*



### Pa bwè twòp medikaman

Gen moun ki kwè depi yo pran plis medikaman, y ap geri pi vit. Se pa vre, epi gen danje nan sa tou! **Si w pran twòp medikaman**

**anmenmtan, oubyen si w bwè l twò rapid, gen danje nan sa.** Gade paj 466.

Pa janm pran plis  
medikaman pase kantite yo  
di w gendwa pran an.

### Evite bwè plis pase yon remèd anmenmtan

Se pa tout medikaman ki ale byen youn ak lòt; yo ka fè move reyakson si w pran yo anmenmtan.

Evite bwè medikaman kombine (ki vle di, 2 medikaman oubyen plis nan yon sèl konprime). Gen kote li nesesè pou nou sèvi ak medikaman kombine, men yo ka koute pi chè. Anplis de sa, petèt w ap pran yon remèd ki pa nesesè. Pa egzanp, gen pomad pou je ki gen yon antibiotik ansanm ak yon estewoyid ladan yo. Estewoyid la ka deranje nou plis pase li fè nou byen. Medikaman kombine ka bay plis pwoblèm, plis efè segondè.

### Chèche konnen ki pwoblèm yo ka bay, epi ki jan pou rekonnèt yo



#### Efè segondè

Anpil medikaman bay efè segondè, ki vle di, efè ki pa ann afè ak tretman an epi ki ka bay traka. Pwoblèm nou wè pi souvan se lestromak boulvèse, vant fè mal, tèt fè mal, oubyen dòmi nan je.

Gen efè segondè ki grav anpil, tankou lè yo domaje ògàn ki nan kò yon moun. Si nou annafè ak yon medikaman konsa, sèvi avè l sèlman nan ka dijans. Gendèfwa w dwe pran medikaman an pandan detwa jou sèlman. Lè fini, kanpe sou li, pou medikaman an pa bay pwoblèm.

Lè nou bay yon fi yon medikaman, toujou di l ki pwoblèm medikaman an ka ba li. Konsa, si sa rive, l ap konnen se bagay nòmal, epi l ap pi fasil pou l fin pran tout medikaman li gen pou l pran an. L ap konnen tou ki pwoblèm ki pa nòmal, epi l ap rekonèt si l ap fè alèji ak medikaman an.

### **Alèji**

Gen moun ki fè alèji ak kèk medikaman. Lè yon moun konsa bwè medikaman sa a, l ap fè yon reyakson alèji. Li ka fè yon ti reyakson alèji ki ba li yon ti kontraryete, oubyen li ka fè yon reyakson alèji ki grav anpil, ki ka tou pote l ale.

Si yon moun gentan fè alèji ak yon medikaman, pa sèvi ak remèd sa a. Pa ba li medikaman ki soti nan menm fanmi an (paj 470).

### **Ki jan pou nou evite reyakson alèji**

1. Anvan w bay nenpòt medikaman, toujou mande fi a si l konn leve gratèl, oubyen si l te gen lòt pwoblèm lè l te sèvi avè l, oubyen ak lòt medikaman ki sanble avè l. Si l di wi, pa sèvi ak medikaman sa a, ni ak lòt medikaman ki soti nan menm fanmi an.
2. Lè nou fin bay yon piki, rete avè l pandan 30 minit; voye je nou sou li pou wè si l pa fè yon reyakson alèji.
3. Toujou gen medikaman disponib ki pou trete reyakson alèji.

### **Siy ki fè nou rekonèt yon reyakson alèji**

- Li gen gratèl sou po
- Je l ak po l ap grate li
- Po bouch li ak figi l vin anfle
- Souf li kout



#### **Pou trete alèji**

- Bay *diphenhydramine* (difenidramin) 25 mg nan bouch, yon sèl fwa oswa
- Bay *prométhazine* (pwometazin) 25 mg nan bouch, yon sèl fwa

Si 6 èdtan fin pase, epi li toujou gen gratèl k ap grate li, li anfle, oubyen souf li kout, nou mèt bay yon lòt dòz 25 mg. Sèvi ak nenpòt nan medikaman ki ekri anwo a.

### **Siy ki fè nou rekonnèt yon reyakson alèji ki grav anpil, oubyen chòk alèji:**

- Po li blèm
- Po li frèt, men l ap swe, li mouye
- Kè li bat vit, men batman kè l fèb
- Souf li kout
- Tansyon l ap bese
- Li pèdi konnesans



### Pou trete chòk alèji

Chèche konkou doktè san pèdi tan. Pandan nou sou wout:

- Bay piki *adrénaline* (adrenalin) 1:1000, 0.5 ml, anba po, yon sèl piki  
*ansanm avèk*
- Piki *diphenhydramine* (difenidramin) 50 mg, nan mis, yon sèl fwa  
*ansanm avèk*
- Piki *hydrocortisone* (idwokòtizòn) 500 mg, nan mis, yon sèl fwa

### Lè yon moun bwè twòp medikaman

Pwoblèm nou wè souvan lè yon moun bwè twòp medikaman:

- Li gen kè plen, lestomak boulvèse
- Li vomi
- Li gen vant fè mal
- Li gen tèt fè mal
- Tèt li vire
- Zòrèy li ap kònen
- Souf li kout

Gen medikaman ki konn bay pwoblèm sa yo. Si nou pa konnen si fi a te bwè twòp medikaman, gade nan paj ki vin apre yo pou konnen si medikaman an konn fasilman bay pwoblèm sa a.

Si yon fi fè nenpòt nan siy ki ekri anwo yo, epi nòmalman medikaman an pa bay pwoblèm sa yo, se pou l sispann pran remèd la, epi al wè doktè.

### Anpwazònman

Si yon moun bwè twòp medikaman, sa ka touye l, sitou yon timoun. Sere tout medikaman kote timoun pa ka rive jwenn yo. Si w kwè yon moun te bwè twòp medikaman, fè vit pote l sekou. Men sa pou nou fè:



- Eseye fè l vomi. Petèt li ka rive vomi rès medikaman an pou sa pa bay plis pwoblèm.
- Bay chabon aktif (paj 473). Chabon aktif se yon remèd ki ka absòbe kèk lòt medikaman; sa ka anpeche pwazon an aji plis sou moun nan.
- Chèche konkou doktè tousuit.

### Chèche konnen tout sa nou ka konnen sou medikaman an

Gen yon lè fiks pou moun pran kèk medikaman; gen kèk remèd moun dwe bwè yo ansanm ak manje, epi gen lòt pou yo bwè yo lè lestomak la vid. Gen medikaman ki gen danje pou kèk moun. Pa egzanp, yon fi ki soufri tansyon wo pa gen dwa pran *ergométrine* (ègometrin), paske sa ap fè tansyon l monte pi wo toujou. Etidye sa ki ekri sou paj k ap vini yo, li tout sa yo ekri sou bwat medikaman an ak sou fèy papye ki vini avè l la, oubyen mande esplikasyon nan men famasyen oubyen ajan sante a. Konsa n ap aprann ki moun ki kapab sèvi ak medikaman an san danje, epi ki jan yo dwe pran l pou yo jwenn pi bon rezulta.

## Ki jan pou nou bay medikaman


### NON MEDIKAMAN YO

Nòmalman, chak medikaman gen 2 non. Yon medikaman gen you sèl non kalite (bon non medikaman an, non jeneral) ki sèvi nan tout peyi nan lemonn. Konpayi ki fabrike medikaman yo mete sou non kalite a non mak (non komèsyal) pa yo. Si 2 konpayi ap fabrike menm medikaman an, chak sèvi ak non mak pa yo. Konsa, chak



kalite medikaman ka vann sou divès non mak nan famasi a. Nan liv sa a, nou sèvi ak non kalite yo. Si nou bezwen yon medikaman, nenpòt non mak ap bon. Genyen non mak ki vann pi bon mache pase lòt.

An rezime, yon medikaman ka gen plizyè non mak (non komèsyal), men chak medikaman gen yon sèl non kalite (non jeneral).



Depi 2  
medikaman gen  
menm non kalite,  
pa gen pwoblèm,  
si nou pran youn  
nan plas lòt la.

### NAN KI FÒM NOU JWENN MEDIKAMAN YO

Medikaman yo vini nan plizyè fòm:

- Grenn, kapsil, ak likid, ki pou pran nan bouch. Gendèfwa yo mete yo nan vajen an oubyen nan twou dèyè a.
- Sipozitwa ak pesè (*pessaire; pessary*), ki pou mete nan vajen an oubyen nan twou dèyè a.
- Piki (paj 345), ki pou bay ak yon sereng e zegui, nan gwo mis (*intramusculaire*), anba po (*intradermal* oubyen *injection sous-cutanée*), oubyen nan san an, nan venn (*Intraveineux*).
- Likid ak siwo, ki pou pran nan bouch.
- Krèm ak pomad, ki gen medikaman ladan yo, ki pou pase sou po a oubyen pou mete nan vajen an.

Nan liv sa a, nou sèvi ak imaj pou montre ki jan pou nou bay yon medikaman.



Lè w wè imaj  
sa a, bay  
medikaman  
nan piki



Lè w wè imaj sa a,  
bay konprime,  
kapsil, oubyen  
sipozitwa.



Lè w wè imaj  
sa a, sèvi ak  
yon pomad.



Lè w wè  
imaj sa a,  
bay gout.



Lè w wè imaj  
sa a, bay yon  
siwo.

Souvan, nou ka bay menm medikaman an nan plizyè fòm. Pa egzanp, gen anpil medikaman nou ka bay nan piki oubyen nan bouch. Nòmalman, li pi bon pou bay yo nan bouch, paske gen danje nan bay piki. Men nan ka dijans, li ka pi bon pou bay piki, paske medikaman nan piki ap aji pi vit. Nan liv sa a, nou fè w konnen pi bon fason pou nou bay chak medikaman. Men li posib pou nou ka bay li nan yon lòt fòm. Nou pa bay esplikasyon sou ki jan pou bay piki nan venn, paske gen twòp danje nan sa.

## KI DÒZ MEDIKAMAN POU NOU BAY

Anpil medikaman pa vini ni ak menm pwa, ni ak menm gwosè a. Pou nou pa twonpe nou sou ki dòz pou nou bay, verifye konbyen gram (g), miligram (mg), mikwogram (mkg), oubyen inite (U) ki nan chak gress.

### ***Konprime, kapsil, sipozitwa, ak piki***

Pou mezire kantite medikaman ki gen nan pifò konprime, kapsil, sipozitwa ak piki, yo sèvi ak gram (g) oubyen miligram (mg):

1000 mg = 1 g (mil miligram gen yon gram ladann)

1 mg = 0.001 g (separe yon miligram fè mil moso egal, pran youn nan yo)

**Pa egzanp:** Yon gress aspirin gen 325 miligram ladann.

Nou ka di  
yon gress  
aspirin gen:



.325 g	Tout sa yo se
0.325 g	divès fason nou ka
325 mg	di 325 miligram.

Gen medikaman, tankou konprime planin, se nan mikwogram (mkg oubyen mcg oubyen  $\mu$ cg) yo mezire dòz yo.

1  $\mu$ cg = 1 mkg = 1/1000 mg = 0.001 mg

Sa vle di, gen 1000 mikwogram nan yon miligram.

Lè nou bay piki, genèfwa yo mezire dòz yo nan inite (U oubyen IU).

### ***Medikaman ki nan fòm likid***

Jeneralman, yo mezire siwo ak lòt medikaman ki likid nan mililit (ml) oubyen nan santimèt kib (sk oubyen cc ki se yon *centimètre cube*). Yon mililit gen menm kantite ak yon santimèt kib.

1 ml = 1 cc (sk)


1000 ml = 1 lit

Gendèfwa yo sèvi ak ti kiyè oubyen gwo kiyè pou bay remèd likid.


1 ti kiyè = 5 ml

1 gwo kiyè = 15 ml

1 gwo kiyè = 3 ti kiyè



Pou nou ka bay bon dòz remèd la, fòk nou sèten ti kiyè n ap sèvi a kenbe 5 ml. Oubyen mezire remèd la ak yon sereng.



### ***Si famasi a pa gen pwa oubyen gwosè konprime nou bezwen an***

Ou gendwa oblige bwè yon bò nan konprime a, oubyen plis pase yon konprime.

**Pa egzanp**, si w gen pou pran amoksisilin 500 mg, men se sèl amoksisilin 250 mg ou jwenn, ou dwe bwè 2 konprime amoksisilin 250 mg chak fwa.

Oubyen, si se amoksisilin 500 mg sèlman ou jwenn, epi ou bezwen pran 250 mg, ou dwe koupe konprime a pou fè 2 moso ki gen menm gwosè. Yon moso ap fè yon dòz.

$$\text{250} + \text{250} = \text{500}$$

$$250 \text{ mg} + 250 \text{ mg} = 500 \text{ mg}$$

### **Lè se pwa yon moun ki montre ki dòz medikaman pou l pran**

Pou pifò medikaman nou jwenn nan liv sa a, nou bay dòz ki bon pou famm ki fin devlope. Men pou kèk medikaman, sitou sa ki ka gen danje ladan yo, l ap pi bon si nou chèche jwenn dòz la dapre pwa moun ki malad la (si gen yon balans).

**Pa egzanp**, si w gen pou bay *gentamicine* (jantamisin), epi si bon dòz jantamisin nan se 5 mg/kg/jou, sa vle di, nou dwe bay jantamisin 5 miligram (mg) pou chak kilogram li peze.

Konsa, yon fi ki peze 50 kg dwe pran jantamisin 250 mg pandan 24 èdtan.

Ou dwe separate dòz la. Yo gendwa di w konbyen fwa nan yon jou ou gen pou bay li.

Se pou w bay jantamisin 3 fwa nan yon jou, ki fè 80 mg nan chak dòz.



### **KI LÈ NAN JOUNEN AN POU NOU PRAN MEDIKAMAN**

Gen remèd ou gen pou pran yon sèl fwa nan yon jou. Pifò remèd mande pou w pran yo plizyè fwa nan yon jou. Si w pa gen revèy oubyen mont pou ban w lè, sa pa fè anyen. Si nan papye medikaman an yo di w pou pran li:


“1 konprime chak 8 èdtan”, oubyen “3 fwa nan yon jou”: pran 1 konprime lè solèy la leve, 1 konprime nan aprèmidi, epi 1 konprime nan aswè.

“1 konprime chak 6 èdtan”, oubyen “4 fwa nan yon jou”: pran 1 konprime lè solèy la leve, 1 konprime vè midi, 1 konprime nan apremidi, 1 konprime nan aswè.




“1 konprime chak 4 èdtan”, oubyen “6 fwa nan yon jou”. Kite apeprè menm valè tan pase apre w fin bwè chak konprime.

Ou gen pou suiv tretman an konsa, paske medikaman an ap fè travay li sèlman lè li nan kò yon moun. Epi kò a ap toujou voye remèd la jete deyò. Gen remèd ki pase pi vit. Konsa, yon moun dwe bwè medikaman an regilyèman pandan jounen an pou l toujou gen ase remèd nan kò l. Men sonje, lè yon moun bwè twòp medikaman anmenmtan, se yon pwazon li ye pou li.

Si yon moun pa kapab li, fè yon desen konsa pou l konnen ki lè pou l pran medikaman an:



Nan ti kare anba yo ki vid, se pou w fè kèk desen k ap montre moun nan ki dòz pou l pran. Fò w pran san w pou w bay moun nan esplikasyon sou desen yo. Pa egzanp:



Desen sa a vle di: moun nan dwe pran 1 konprime 4 fwa pa jou, 1 konprime lè solèy la fèk leve, 1 konprime nan mitan jounen an, 1 konprime ta nan apremidi, epi 1 konprime nan aswè.

Desen sa vle di:  $\frac{1}{2}$  (mwatye) nan 1 konprime 4 fwa pa jou.

Sa a vle di: 2 ti kiyè siwo 2 fwa pa jou.

## Kalite medikaman

Gen plizyè kalite medikaman ki enskri nan liv sa a: anibiotik, remèd ki pou kalme doulè, ki pou rete reyaksyon alèji oubyen ki pou rete senyen an, epi remèd ki pou trete pre-eklanmsi. Nan paj ki vin aprè yo, w ap jwenn enfòmasyon sou chak medikaman an patikilye. Gen yon seri medikaman ki merite yon esplikasyon espesyal.

### ANTIBYOTIK

Nou sèvi ak antibiotik pou konbat enfeksyon bakteri (yon kalite mikwòb) ban nou. Antibiotik ki sanble youn ak lòt, nou di yo soti nan menm fanmi an.


Antibiotik ki soti nan menm fanmi ka byen trete menm pwoblèm nan. Si nou pa jwenn antibiotik n ap chèche a, nou gendwa sèvi ak yon lòt nan menm fanmi an.

Lè yon moun fè alèji ak yon medikaman, li fasil pou l fè alèji ak yon lòt medikaman ki soti nan menm fanmi an. Li dwe evite pran tout medikaman ki nan fanmi sa a.



## Antibiotik ak fanmi yo

**Fanmi penisilin:** amoxicilline, ampicilline, benzathine pénicilline, benzylpénicilline, *dicloxacilline*, *pénicilline procaine* (amoksisilin, anpisilin, benzatin penisilin, benzilpenisilin, dikloksasilin, penisilin pwokayin) ak lòt ankò



Penisilin yo bon pou trete anpil kalite enfeksyon. Yo pa fasil bay pwoblèm, epi fi ki gwo vant ak fi k ap bay tete gendwa pran yo san danje. Ou jwenn yo fasil, yo pa koute chè, epi ou ka pran yo nan bouch oubyen nan piki. Men, domaj plizyè moun fè alèji ak penisilin. Moun gentan sèvi twòp ak penisilin, epi gen mikwòb ki rive kenbe tèt ak penisilin yo.

**Fanmi makwolid:** *Macrolides: azithromycine, érythromycine*, (azitwomisin, eritwomisin) ak lòt ankò

Eritwomisin bon pou trete menm enfeksyon ki trete ak penisilin e doksisiklin yo. Fi ki gwo vant oubyen k ap bay tete, moun ki fè alèji ak penisilin, yo gendwa pran l san danje. Azitwomisin pi chè epi ou ka mal pou jwenn li, men li pa gen efè segondè menm jan ak eritwomisin, epi moun pa oblige pran l 4 fwa pa jou tankou eritwomisin.

**Fanmi Tetrasiklin:** *Tetracyclines: doxycycline, tétracycline* (doksisiklin, tetrasiklin)

Tetrasiklin ak doksisiklin ka trete divès kalite enfeksyon. Antibiotik sa yo pa koute chè, epi ou ka jwenn yo toupatou. Fi ki gwo vant, fi k ap bay tete, ak timoun ki poko gen 8 ane pa dwe pran ni tetrasiklin, ni doksisiklin.

**Fanmi Silfa (sulfonamid):** *Sulfas (sulfonamides):*

*sulfaméthoxazole* (sulfametoksazòl, ki nan *cotrimoxazole*), *sulfisoxazole* (sulfisoksazòl)

Medikaman sa yo ka konbat divès kalite enfeksyon. Yo pa koute chè, epi nou ka jwenn yo toupatou. Fi ki gwo vant gendwa pran yo, men l ap pi bon si yo pran lòt kalite antibiotik. Moun fasil fè alèji ak yo. Epitou, gen mikwòb ki rive kenbe tèt ak yo.

**Fanmi Aminoglikosid (Aminoglycosides):**

*gentamicine, streptomycine* (jantamisin, estreptomisin) ak lòt ankò

Se yon seri antibiotik ki bay bon rezulta, epi ki fò anpil. Men pifò ladan yo gen efè segondè ki grav, epi se sèl nan piki nou ka pran yo. Sèvi ak yo sèlman pou trete enfeksyon ki grav lè nou pa ka jwenn lòt antibiotik. Si sa posib, fanm ansent ak fanm k ap bay tete dwe sèvi ak yon lòt kalite antibiotik.

**Fanmi Sefalosporin (Céphalosporines):** *céfixime, céftriazone, céphalexine* (sefiksime, seftriyaksòn, sefaleksin) ak lòt ankò

Se yon fanmi antibiotik ki fò anpil. Antibiotik sa yo ka trete anpil enfeksyon kote mikwòb yo te rive kenbe tèt ak ansyen antibiotik yo. Yo pa bay pwoblèm ak efè segondè menm jan ak ansyen antibiotik. Men tou, yo koute chè epi moun mal pou jwenn yo. Fanm ansent ak fanm k ap bay tete ka sèvi avè yo san danje.

### Sèvi ak antibiotik sèlman lè sa nesesè toutbon.

Moun vrèman sèvi ak antibiotik twòp.

- Antibiotik konn bay pwoblèm tankou kè plen, vomisman, dyare, ak enfeksyon chanpiyon nan vajen. Gen lòt ki bay pwoblèm ki pi grav, oubyen yo ka bay reyakson alèji.
- Si nou sèvi ak antibiotik lè l pa nesesè, oubyen pou trete maladi yo pa kapab geri, sa fè kèk mikwòb maladi vin kenbe anba antibiotik yo, epi medikaman yo p ap kapab aji sou mikwòb sa yo ankò.

Antibiotik pa kapab trete maladi virus lakòz, tankou grip oubyen lajonis (epatit).

## Ki jan pou nou sèvi ak lis medikaman an

Isit nou jwenn bon jan enfòmasyon sou medikaman ki site nan liv sa a. Tout non kalite medikaman yo se an fransè yo ekri. Non mak yo toujou ekri yon sèl jan. Lis sa a ranje dapre non kalite yo; lis la fêt selon lòd alfabetik fransè a:

A B C D E F G H I J K L M N O P R S T U V W Y Z

Lè nou fè lis medikaman yo, nou mete non kalite a an fransè an premye, nan *lèt panche*, paske medikaman yo pa fasil gen etikèt an kreyòl. Nou jwenn non kreyòl la, nan lèt nòmal, ant parantèz, ki suiv non fransè a. Non kalite medikaman yo ki ann anglè, an fransè, epi ann espànyòl yo sanble anpil youn ak lòt. Konsa, pa dwe gen gwo pwoblèm pou w rekonèt yo nan tout lang sa yo. Men, sèvi ak anpil prekosyon lè w annafè ak yon lang ki pa lang pa w la.

Nou jwenn enfòmasyon sou konprime planin ak sou tretman VIH/SIDA nan fen lis la, nan paj 490.

Pou w sèvi ak lis la, chèche non medikaman an, oubyen gade nan lis pwoblèm anba a. Lè nou jwenn pwoblèm nan, al gade nan paj yo bay la, pou nou konnen ki medikaman ki bon pou trete l. Anvan nou kòmanse tretman an, li tout sa yo ekri sou pwoblèm nan nan liv sa a.

Pwoblèm	Paj	Medikaman ki pou trete pwoblèm
Alèji	465, 466	adrénaline, diphenhydramine, hydrocortisone, prométhazine
Anestezi, pou angoudi chè a	360, 424	lidocaïne
Anpwazònman gwo sès, gade eklanmsi		
Chank mou	331	érythromycine, céftriaxone
Chanpyon, enfeksyon	327	clotrimazole, violet de gentiane, miconazole, nystatine
Doulè	289, 332, 420	paracétamol
Eklanmsi	182	sulfate de magnésium, diazepam
Enfeksyon		
apre akouchman	271	ampicilline, gentamicine, méttronidazole
apre avòtman oubyen foskouch	410, 411	ampicilline, gentamicine, méttronidazole
apre sikonsizon fi	369	doxycycline, immunoglobuline antitétanique, vaksen kont tetanòs
kay tibebe ki fèk fèt	279	érythromycine
pandan gwo sès	179	ampicilline, méttronidazole
matris (ki soti nan maladi moun pran nan fè sèks ki pa t trete)	325	amoxicilline, céfixime, céftriaxone, érythromycine, méttronidazole
tete	289	dicloxacilline, érythromycine
vesi (blad pipi), ren	129	amoxicilline, cotrimoxazole
Enfeksyon bakteri nan vajen	328	méttronidazole
Èpès	332	acylovir
Evite enfeksyon kay moun ki gen VIH	101, 335	cotrimoxazole
Evite enfeksyon nan matris kote yo mete men oubyen zouti nan kò a	231	amoxicilline, méttronidazole
Gonore, ekoulman	324	céftriaxone, céfixime
Je tibebe ki fèk fèt	261	érythromycine, tétracycline
Klamida	324	érythromycine, amoxicilline
Malarya	98, 99	combinaisons à base d'artémisinine (CTA), clendamycine, quinine
Plasenta pa soti	228	oxytocine, misoprostol
Planin ann ijans	316	grenn planin (éthiny estradiol, levonorgestrel)
Senyen, emoraji		
apre akouchman	231	ergométrine, oxytocine, misoprostol
apre foskouch oubyen avòtman	408	ergométrine, misoprostol
Sifilis	330	benzathine benzylpénicilline, érythromycine
Trikomonas	326	méttronidazole
Veri sou pati jenital	333	acide trichloroacétique, acide bichloroacétique
VIH/SIDA	335, 492	éfavirenz, lamivudine, névirapine, ténofovir, zidovudine

## **Charbon actif; (poud chabon, chabon aktif)**

Chabon aktif se yon bon remèd pou trete kèk ka anpwazònman, tankou lè yon moun bwè twòp aspirin, parasetamòl, klowokin, oubyen lòt remèd ak pwodui ki gen pwazon. Lè chabon an desann nan lestimak moun nan, l ap bwè pwazon an.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pa bay chabon aktif si moun nan te bwè gaz, gaz lanp, oubyen nenpòt likid ki fèt ak petwòl.

**Efè segondè:** poupop moun nan tounen koulè nwa, li bay vomisman, dyare

**Nou jwenn li nan:** likid, 25 gram nan chak 120 ml; poud 15 gram

**Ki jan pou nou sèvi avè l:** lè yon moun bwè pwazon, bay 30 – 100 gram nan bouch yon sèl fwa.



**ATANSYON:** Depi nou ba l chabon an, chèche konkou doktè san pèdi tan. Lè yon moun bwè twòp medikaman oubyen twòp pwodui chimik, li ka tonbe byen malad, epi li ka bezwen anpil lòt tretman pase chabon an.

**Acide folique:** gade *folique*

**Acide trichloroacétique:** gade *trichloroacétique*

## **Acyclovir (asiklovi)**

## **ATANSYON!**



Asiklovi sèvi pou goumen ak viris tankou èpès.

**Ki sa nou dwe konnen:** Asiklovi ka soulaje pwoblèm èpès ap bay—men li pap geri l, ni li pap anpeche l tounen sou yon moun ankò.

**Efè segondè:** tèt fè mal, tèt vire, kè plen, vomisman

**Nou jwenn li nan:** konprime 200 mg; poud ki pou fè piki



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** premye enfeksyon èpès: (gade nan paj 332), bay 400 mg nan bouch, 3 fwa nan yon jou, soti 7 rive 10 jou.

**Enfeksyon ki ale vini toutan:** bay asiklovi 400 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 5 jou.

Si èpès ap tounen sou yon fi plis pase **6 fwa nan yon ane**, bay asiklovi 400 mg nan bouch, 2 fwa pa jou, chak jou pandan tout yon ane. Kanpe sou li, pou wè si l bezwen bwè medikaman toujou.

**Yon fanm ansent ki konn soufri ak èpès,** bay asiklovi 400 mg nan bouch, 2 fwa pa jou, chak jou pandan dènye mwa gwo sès li.



**ATANSYON:** Medikaman sa a pa bon pou fi ki gwo vant. Li pi bon pou bay medikaman an sèlman si se premye enfeksyon li, oubyen pandan dènye mwa gwo sès la, pou maladi a pa tounen sou li nan moman akouchman an.

## **Adrénaline, (épinéphrine) (adrenalin, epinefrin)**

## **ATANSYON!**



Adrenalin sèvi pou trete gwo alèji, oubyen chòk alèji, tankou sa yon piki penisilin ka bay. Li sèvi tou pou trete kriz opresyon ki grav.

**Ki sa nou dwe konnen:** Kontwole batman kè malad la anvan w bay adrenalin. Bay piki anba po sou deyò anwo ponyèt la; pa bay li nan dèyè. Si batman kè a monte plis pase 30 batman nan yon minit, pa bay lòt dòz. Pa bay plis pase 3 dòz.

**Efè segondè:** Malad la pè, li ajite, li nève, li eksite, li gen tèt fè mal, tèt vire, epi kè li bat pi vit.

**Nou jwenn li nan:** Anpoul ki pou bay piki, 1 mg nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** pou trete reyakson oubyen chòk alèji (paj 466), bay piki 1:1000, 0.5 ml anba po. Si li pap fè mye, bay yon lòt piki nan 20 minit. Men, se pou nou ba li lòt medikaman anplis.

### **Amoxicilline (amoksisilin)**

Amoksisilin se yon antibiotik ki soti nan fanmi penisilin. Li sèvi pou trete enfeksyon nan matris, nan pipi, nemoni, ak lòt enfeksyon. Jounen jodi a, yo sèvi avè l anpil kote nan plas anpisilin.

**Ki sa nou dwe konnen:** Bwè li ansanm ak manje. Si apre 3 jou tretman, nou pa wè yon kòmansman gerizon, chèche yon lòt kalite antibiotik, epi al wè doktè. Li ka bezwen yon lòt medikaman.

**Efè secondè:** dyare, gratèl, kè plen, vomisman. Li ka lakòz enfeksyon chanpion kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** gress 250 e 500 mg; likid ki pou fè piki 125 mg oubyen 250 mg nan 5 ml; siwo ki gen divès fòs dòz la.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Enfeksyon nan ren (paj 129), bay 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 jou.

**Klamidya** (paj 324), bay 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 jou.

**Enfeksyon nan basen** (paj 325), bay 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 14 jou.

**Enfeksyon apre sikonsizyon fi** (paj 369), bay 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 10 jou.

**Pou evite trape enfeksyon lè yo fè yon ekzamen kote yo mete men oubyen fè zouti antre nan kò a** (paj 231), bay 1 gram nan bouch, yon sèl fwa. Mete metwonidazòl sou sa.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** Jeneralman, amoksisilin ka sèvi nan plas anpisilin. Yon moun ki fè alèji ak penisilin gendwa pran eritwomisin (paj 480).



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak medikaman nan fanmi penisilin nan, pa ba li amoksisilin.

### **Ampicilline (anpisilin)**

Anpisilin se yon antibiotik ki soti nan fanmi penisilin. Li sèvi pou trete anpil kalite enfeksyon.

**Ki sa nou dwe konnen:** bwè anpisilin anvan manje.

**Efè secondè:** kè plen, dyare, ak gratèl. Li ka lakòz enfeksyon chanpion kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** konprime oubyen kapsil 250 e 500 mg; likid ki pou fè piki 125 mg oubyen 250 mg nan chak 5 ml; poud ki pou fè piki.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Enfeksyon pandan tranche** (paj 179), bay 2 gram nan bouch, 4 fwa pa jou, soti 7 rive 10 jou. Mete metwonidazòl sou sa.

**Enfeksyon apre akouchman** (paj 271), bay premye dòz 2 gram nan bouch, oubyen bay li nan piki nan mis. Apre sa, bay 1 gram 4 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe. Mete lòt antibiotik sou sa.

**Enfeksyon kay tibebe ki fèk fèt** (paj 279), tibebe ki poko gen 8 jou, bay piki nan kuis 2 fwa pa jou. Pou tibebe ki gen 8 jou oubyen plis, bay piki 3 fwa pa jou. Si tibebe a pa rive peze 2 kilogram, bay 80 mg. Si tibebe a peze 3 kg oubyen plis, bay 150 mg; si l peze 4 kg oubyen plis, bay 200 mg.

**Enfeksyon apre avòtman** (paj 410), premye dòz, bay piki 2 gram nan mis. Apre sa, bay 1 gram 4 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe. Bay lòt antibiotik tou.

**oubyen**, bay 3.5 gram nan bouch, yon sèl fwa.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** Jeneralman, amoksisilin ka sèvi nan plas anpisilin. Yon moun ki fè alèji ak penisilin gendwa pran eritwomisin (paj 480).



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak yon medikaman ki soti nan fanmi penisilin, pa ba li anpisilin.

## **Artémisinine - Combinaisons à base d'artémisinine (CTA) (artésunate, artéméther, absinthe), Tretman ki baze sou atemisinin**

**ATANSYON!**

(atesinat, atemetè, absent)

Pou trete malarya, fòk nou bay yon medikaman nan fanmi atemisinin, tankou atemetè oubyen atesinat, ansam ak yon lòt medikaman. Yo rele sa konbinezon medikaman ki gen atemisinin ladan yo. Gendèfwa yo fè gress konbine. Fòk nou sèvi ak konbinezon yo paske gen anpil ka malarya ki kenbe tèt ak medikaman (paj 464).

**Ki sa nou dwe konnen:** Toujou pran atemisinin ansanm ak yon lòt medikaman. Atemisinin sanble vin pi fò si nou bwè li ansanm ak ji chadèk. Pou nou evite trape malarya, dòmi anba moustikè ki trete avèk pwodui ki chase maregwen.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Pou trete malarya (paj 99), bay atemetè 4 konprime (560 mg) + limefantrin (yon konprime konbine) nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 3 jou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** Gen plizyè kalite konbinezon medikaman ki pou trete malarya: atesinat + amodyakin, oubyen atesinat + meflokin, oubyen atesinat + pirimetamin + silfadoksin. Mande konsèy bò kote responsab yo nan Sèvis Sante Biblik pou konnen ki tretman ki bon pou zòn pa w la. Pa bay fi ki ansent tretman sa a pandan premye 3 mwa gwosès yo. Ba yo *quinine* (kinin) + *clindamycine* (klendamisin).



**ATANSYON:** Fanm ansent pa gendwa suiv okenn tretman ki baze sou atemisinin pandan premye 3 mwa gwosès yo.

## **Benzylpénicilline (benzilpenisilin)**

**(Pénicilline G)** (penisilin G)

Benzilpenisilin se yon antibiotik ki soti nan fanmi penisilin; li sèvi pou trete kèk enfeksyon ki grav.

**Ki sa nou dwe konnen:** Se pou nou toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465).

**Efè seconde:** Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** Poud ki pou fè piki ki gen dòz 1 milyon oubyen 5 milyon inite.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Pou trete tetanòs kay tibebe ki fèk fèt (paj 278), bay piki 100,000 inite nan mis kuis la, sou devan, yon sèl fwa.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** anpisilin (paj 474), penisilin pwokayin (paj 487)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak yon medikaman ki soti nan fanmi penisilin, pa ba li benzilpenisilin.

## **Benzathine benzylpénicilline (benzatin benzilpenisilin)**

**pénicilline G benzathine** (penisilin G benzatin)

Benzatin benzilpenisilin se yon antibiotik ki soti nan fanmi penisilin. Li rete lontan ap travay nan kò a. Li sèvi pou trete sifilis, maleng sou patijenital, ak lòt enfeksyon. Nou toujou bay li nan piki nan mis.

**Ki sa nou dwe konnen:** Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun. Se pou nou toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465).

**Nou jwenn li nan:** poud ki pou fè piki 1.2 – 2.4 milyon inite nan yon flakon 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou trete sifilis** (paj 330), bay piki 2.4 milyon inite nan mis yon sèl fwa. Si maleng yo gentan geri, men tès san an fè nou konnen li gen sifilis, bay yon piki chak 8 jou pandan 15 jou ankò.

**Si nou gen pou trete yon tibebe**, bay 150,000 inite konsa nan mis, yon sèl fwa (oubyen bay 50,000 inite pou chak kilogram pwa tibebe a).

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** eritwomisin (paj 480)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak yon medikaman ki soti nan fanmi penisilin, pa ba li benzatin benzilpenisilin.

### BCG, vaccin BCG (vaksen BCG)

Vaksen BCG ede nan pwoteje kò a kont tibèkilòz.

**Ki sa nou dwe konnen:** BCG se yon vaksen ki vivan. Konsa, fòk nou toujou gade li yon kote ki fre; sinon, li pap bon ankò.

**Efè segondè:** Vaksinasyon an konn bay yon bouton, epi li kite yon mak sou po a.

**Nou jwenn li nan:** likid ki pou fè piki.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Bay piki 0.1 ml jis anba po (*intradermique*), nòmalman sou anwo ponyèt la.

### Céfixime (sefiksim)

Sefiksim se yon antibiotik ki soti nan fanmi *céphalosporine* (sefalosporin). Li sèvi pou trete anpil enfeksyon, tankou gonore (ekoulman), enfeksyon nan basen, ak lòt ankò.

**Ki sa nou dwe konnen:** Se pou nou toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465). Moun ki gen pwoblèm fwa dwe sèvi ak prekosyon lè yo pran sefiksim.

**Efè segondè:** kè plen, dyare, tèt fè mal. Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** konprime 200 mg oubyen 400 mg; likid ki gen 100 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou gonore (paj 324) oubyen **enfeksyon nan basen** (paj 325), bay 400 mg nan bouch, yon sèl fwa.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** seftriyaksòn (paj 476), eritwomisin (paj 480)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak yon medikaman ki soti nan fanmi sefalosporin, pa ba li sefiksim.

### Céftriaxone (seftriyaksòn)

Seftriyaksòn se yon antibiotik ki fò anpil, ki soti nan fanmi *céphalosporine* (sefalosporin). Nou bay li nan piki nan mis. Li sèvi pou trete anpil enfeksyon, tankou gonore, enfeksyon nan basen, enfeksyon nan ren, ak gwo enfeksyon apre avòtman, akouchman, oubyen foskouch.

**Ki sa nou dwe konnen:** Se pou nou toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465).

**Efè segondè:** Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** flakon ki pou fè piki, ki gen 250, 500 mg, 1 gram, 2 gram, ak 10 gram ladan yo.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou gonore (paj 324) oubyen **chank mou** (paj 331), bay piki seftriyaksòn 250 mg nan mis, yon sèl fwa.

Pou gonore **kay tibebe ki fèk fèt** (paj 324), bay piki seftriyaksòn 125 mg nan kuis, yon sèl fwa.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** sefiksim (paj 476), eritwomisin (paj 480)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak yon medikaman ki soti nan fanmi sefalosporin, pa ba li seftriyaksòn.

**Charbon actif:** gade nan paj 473

## **Chloroquine (klowokin)**

Yo itilize klowokin pou trete malarya.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pran klowokin ansanm ak manje.

Souvan, yon moun dwe pran klowokin ansanm ak lòt medikaman pou l'efikas. Pale ak otorite nan zafè sante nan zòn pa w la pou w konnen ki sa ki mache kote w rete a.

Anpeche malarya lè w dòmi anba moustikè ki trete ak pwodui ki chase maregwen.

**Efè secondè:** Wè twoub. Sa dwe sispann lè w fin pran l'.

**Nou jwenn li nan:** Nou jwenn *Phosphate de chloroquine* nan konprime 250 mg; Nou jwenn *Sulfate de chloroquine* nan konprime 200 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l':**

**Pou malarya:** (gade paj 98), bay 600 mg nan bouch, yon fwa pa jou pandan 2 jou. Apre sa, sou twazyèm jou a, bay 300 mg.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** atemisinin, klendamisin, kinin, ak lòt ankò.



**ATANSYON:** Anpil kote sou tè a klowokin pa efikas kont malarya ankò.

Moun ki gen epilepsi (malkadi) pa dwe pran klowokin.

## **Clindamycine (klendamisin)**

**ATANSYON!**



Klendamisin se yon antibiyotik ki fò. Nan liv sa a, sèl esplikasyon nou bay se sou ki jan pou nou sèvi avè l' pou trete malarya kay fanm ansent pandan premye 3 mwa gwochè yo.

**Efè secondè:** dyare, vomisman, gratèl, yon vye gou fè metalik nan bouch. Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** kapsil 150 mg; likid ki pou fè piki ki gen 150 mg nan chak ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l':**

**Pou trete malarya kay fanm ansent nan premye 3 mwa gwochè yo,** bay 600 mg nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou. Mete kinin (paj 99) sou sa.



**ATANSYON:** Klendamisin ka bay pwoblèm nan trip ki grav.

Li pase nan lèt manman an pou l'rive kay tibebe a.

Sèvi ak medikaman sa a sèlman si li vrèman nesesè.

**Cotrimoxazole (kotrimoksazòl)****ATANSYON!****(triméthoprime + sulfaméthoxazole) (trimetoprim + sulfametoksazòl)**

Kotrimoksazòl se yon konbinezon 2 antibiotik (youn ki soti nan fanmi silfa). Nou sèvi avè l pou trete enfeksyon nan blad pipi, nan ren, ak lòt enfeksyon. Li ka evite enfeksyon kay moun ki gen VIH/SIDA.

**Ki sa nou dwe konnen:** Bwè li ansanm ak anpil dlo.

**Efè secondè:** Si li bay reyakson alèji tankou gratèl ak chofi, sispann bwè li. Li ka bay kè plen ak vomisman tou.

**Nou jwenn li nan:** gress 120, 480, ak 960 mg; likid ki gen 240 mg nan chak 5 ml.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou enfeksyon nan ren (paj 129), bay 960 mg (trimetoprim 160 mg e sulfametoksazòl 800 mg), nan bouch, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

**Pou evite enfeksyon kay moun ki gen VIH:** bay 960 mg nan bouch, chak jou.

**Pou pitit manman ki gen VIH:**

Pou tibebe ki poko gen 6 mwa, bay likid 120 mg chak jou.

**Pou timoun ki gen 6 mwa rive 6 ane:** bay likid 240 mg chak jou.



**ATANSYON:** Fi ki gwo vant pa gen dwa pran medikaman sa a pandan dènye 3 mwa gwozès yo.

Si yon moun fè alèji ak medikaman ki soti nan fanmi silfa, pa ba li kotrimoksazòl.

Si yon moun deja ap pran *sulfadoxine-pyriméthamine* pou trete malarya, pa ba li kotrimoksazòl.

**Diazepam (dyazepam)****ATANSYON!**

Dyazepam se yon medikaman ki pou kalme moun. Li sèvi pou rete ak pou evite kriz.

**Efè secondè:** li bay dòmi nan je, pwoblèm pou yon moun rete ann ekilib, li fè moun bwouye.

**Nou jwenn li nan:** konprime 5 mg oubyen 10 mg; likid ki pou fè piki, 5 mg nan 1 ml.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou kriz** (paj 182), bay likid (ki pou fè piki) 20 mg nan twou dèyè; sèvi ak yon sereng ki pa gen zegui (paj 182).

Si nou wè li nesesè, bay yon lòt dòz 10 mg 20 minit apre premye dòz la. Pa bay plis pase 30 mg pandan 8 èdtan. Si pa gen likid (ki pou fè piki), kraze konprime dyazepam, mete yo nan dlo.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** silfat mayesyòm (483).



**ATANSYON:** Dyazepam se yon medikaman, depi yon moun pran l, li ka santi l bezwen pran l toutan (adiksyon).

Pa sèvi ak dyazepam ansanm ak alkòl oubyen ak lòt medikaman ki fè moun anvi dòmi.

Si yon fanm ansent pran twòp dyazepam pandan gwozès li, oubyen si l sèvi avè l twò souvan, tibebe a ka soti domaje.

Medikaman sa a pase nan lèt manman an pou rive kay tibebe a. Fi k ap bay tete pa dwe sèvi avè l sòf nan ka dijans.

## Dicloxacilline (dikloksasilin)

Dikloksasilin se yon antibiotik ki soti nan fanmi penisilin. Li sèvi pou trete enfeksyon nan tete ak enfeksyon sou po.

**Ki sa nou dwe konnen:** Se pou nou toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465).

**Efè secondè:** Kè plen, vomisman, dyare. Li ka lakòz enfeksyon champion kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** kapsil 125, 250, ak 500 mg; likid ki gen 62.5 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon nan tete** (paj 289), bay 500 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** eritwomisin (paj 480)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak medikaman ki soti nan fanmi penisilin, pa ba li dikloksasilin.

## Diphenhydramine (difenidramin)

### ATANSYON!



Difenidramin se yon medikaman anti-istaminik. Li bon pou trete reyakson alèji ak chòk alèji. Kay moun ki soufri ak SIDA yo, li ka soulaje gratèl k ap dire sou yo, epi ede yo dòmi byen.

**Efè secondè:** li bay anvi dòmi, li fè bouch ak nen moun nan vin sèch. Kèk fwa li bay kè plen ak vomisman. Sa prèske pa janm rive, men medikaman an ka eksite yon moun olye pou li kalme l.

**Nou jwenn li nan:** konprime oubyen kapsil 25 oubyen 50 mg; siwo ki gen 12.5 mg nan 5 ml; anpoul ki pou fè piki ki gen 10 mg, 30 mg, oubyen 50 mg nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou reyakson alèji ki pa twò grav** (paj 465), bay 25 mg nan bouch, chak 6 èdtan jis tout siy alèji yo al fè wout yo.

**Pou chòk alèji** (paj 466), bay piki 50 mg nan mis. Bay yon lòt dòz nan 4 èdtan si nou toujou wè siy reyakson alèji.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** pwometazin (paj 487)



**ATANSYON:** Li pi bon pou bay difenidramin nan bouch. Bay piki sèlman pou reyakson alèji ki grav ak pou chòk alèji.

Pa sèvi ak difenidramin ansanm ak alkòl oubyen ak lòt medikaman ki pou kalme moun. Sa fè lòt kalman oubyen bwason yo aji sou moun ak plis fòs. Gen danje nan sa.

Fi ki gwo vant ak fi k ap bay tete mèt sèvi ak medikaman sa a nan ka dijans, men yo pa gendwa pran l regilyèman, ni lè y ap bay tete.

**Doxycycline** (doksisiklin)**ATANSYON!**

Doksisiklin se yon antibiotik ki soti nan fanmi *tétracycline*. Li sèvi pou trete anpil kalite enfeksyon.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pou bwè medikaman an, leve chita, epi bwè l ak anpil dlo. Evite soti anba solèy, paske solèy la ka leve gratèl sou po a.

**Efè secondè:** dyare, lestomak boulvèse. Li ka lakòz enfeksyon champion kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** konprime 50 mg oubyen 100 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou enfeksyon apre yon avòtman (paj 410), bay 100 mg nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 10 jou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** amoksisin (paj 474), metwonidazòl (paj 483)



**ATANSYON:** Fi ki gwo vant pa gendwa pran medikaman sa a. Doksisiklin ka donmaje dan ak zo tibebe a.

Fi k ap bay tete mèt pran doksisiklin pandan kèk jou, pou trete yon enfeksyon, men yo pa gendwa pran l pandan yon tan ki twò long.

Lè doksisiklin ekspire, sa vle di li depase dat li, li ka pa bon ankò.

**Ergométrine** (ègometrin)

(*ergonovine, méthylergonovine*) (ègonovin, metilègonovin)

Ègometrin sèvi pou sere venn san yo ki nan matris la; konsa li anpeche yon fi senyen twòp apre akouchman oubyen apre avòtman.

**Efè secondè:** kè plen, vomisman, tèt vire; li ka swè anpil

**Nou jwenn li nan:** konprime 0.2 mg; flakon ki pou fè piki ki gen 0.2, 0.25. oubyen 0.5 mg nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Pou trete fi k ap senyen anpil apre akouchman (paj 231), bay 0.2 mg nan bouch, soti 6 rive 12 èdtan.

**oubyen**, bay piki 0.2 mg nan mis, soti 6 rive 12 èdtan.

**Pou trete fi k ap senyen anpil apre avòtman** (paj 408), bay piki 0.2 mg nan mis,

**oubyen** bay 0.2 mg nan bouch.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** mizopwostòl (paj 484), oksitoksin (paj 485)



**ATANSYON:** Pa sèvi ak ègometrin pou fè doulè tranche a mache, oubyen pou fè pitit la soti pi vit. Pa sèvi avè l pou eseye jete pitit la.

Pa bay medikaman sa a anvan tibebe a ak plasenta a soti.

## Érythromycine (eritwomisin)

Eritwomisin se yon antibiyotik ki soti nan fammi *macrolide* (makwolid). Li sèvi pou trete anpil enfeksyon. Fanm ansent mèt sèvi avè l san danje. Li bon pou moun ki fè alèji ak antibiyotik ki soti nan fanmi penisilin.

**Ki sa nou dwe konnen:** eritwomisin ap bay pi bon rezulta lè moun pran l 1 èdtan anvan manje, oubyen 2 èdtan apre yo fin manje. Si sa bay yon moun lestomak boulvèse, li gen dwa bwè li ansanm ak yon ti manje.

Pa kase konprime yo. Jeneralman, yo fè konprime yo ak yon kouch di sou yo, ki pou anpeche likid ki nan lestomak la kraze konprime yo anvan yo ka fè travay yo nan kò a.

**Efè secondè:** lestomak boulvèse, anvi vomi, dyare. Li ka lakòz enfeksyon champion kay fi, oubyen chofí kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** konprime oubyen kapsil 250 mg; poud ki pou fè piki ki gen 125 mg nan 5 mg; pomad 1%.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou je tibebe ki fèk fèt** (paj 261), pase pomad nan je li yo, 0.5% oubyen 1%, yon sèl fwa, anvan 2 èdtan pase depi l fèt.

**Pou enfeksyon nan tête** (paj 289), **klamidya** (paj 324), oubyen **chank mou** (paj 331), bay 500 mg nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou.

**Pou klamidya kay tibebe** (paj 324), bay siwo 30 mg nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 14 jou.

**Pou sifilis** (paj 330), oubyen **enfeksyon nan basen** (anba tivant) (paj 325), bay 500 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou, pandan 14 jou.

**Pou enfeksyon apre sikonsizyon fi** (paj 369), bay 500 mg nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 10 jou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** amoksisilin (paj 474), benzatin benzilpenisilin (paj 475), seftriyaksòn (paj 476), dikloksasilin (paj 478), iyòd, penisilin pwokayin (paj 487), tetrasiklin, pomad pou je (paj 489)



**ATANSYON:** Si yon moun fè alèji ak medikaman ki soti nan fanmi makwolid, pa ba li eritwomisin.

## Fer, Sulfate ferreux (silfat fè)

Fè se yon mineral ki nesesè pou tout moun, sitou pou fi ki gwo vant, pou yo ka anrichi san an, pou yon gen kouraj ak fòs. Li posib, men li difisil, pou nou jwenn ase fè nan manje, menmsi nou manje vyann ak anpil legim fèy vèt.

**Ki sa nou dwe konnen:** Lè nou manje fwi ak legim ki chaje ak vitamin C, sa fè kò a kapab sèvi pi byen ak fè ki nan manje a.

**Efè secondè:** anvi vomi, dyare; li ka fè moun sere. Li bon pou nou bwè konprime fè ansanm ak manje.

**Nou jwenn li nan:** konprime ki gen divès fòs dòz.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Pou evite anemi kay fanm ansent, bay 300 - 325 mg nan bouch, 1 fwa pa jou, pandan tout gwozès la.

**Pou trete anemi** (paj 116), bay 300 - 325 mg nan bouch, 2 – 3 fwa pa jou, jiskaske w pa wè siy anemi ankò, oubyen pandan tout gwozès la.



**ATANSYON:** Lè moun pran twòp fè, sa ka anpwazonnen yo. Sere konprime fè kote timoun pa ka rive jwenn yo.

**Folique - acide folique** (asid folik) (*folate, folacine*) (folat, folasin)

Asid folik se yon vitamin ki bon anpil pou fanm ansent. Li evite kèk domaj ki ka rive tibebe anvan yo fèt.

**Nou jwenn li nan:** gress 0.1 mg, 0.5 mg, 0.8 mg, (100, 500, ak 800 mikrogram).



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou evite tibebe a fèt ak yon domaj (paj 37), bay 0.5 – 0.8 mg nan bouch, 1 fwa pa jou.

**Gentamicine** (jantamisin)

**ATANSYON!**



Jantamisin se yon antibiotik ki fò anpil, ki soti nan fanmi *aminoglycoside* (aminoglikosid), ki sèvi pou trete enfeksyon ki grav.

**Ki sa nou dwe konnen:** Sèvi ak jantamisin sèlman si fi a pa ka pran lòt medikaman san l pa vomi, oubyen si pa gen lòt antibiotik ki ka sèvi. Fè l bwè anpil likid.

**Efè segondè:** Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** flakon ki pou fè piki ki gen 10 oubyen 40 mg nan chak ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l: pou enfeksyon nan matris apre akouchman** (paj 271), bay piki jantamisin 80 mg nan mis, 3 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe.

**Pou enfeksyon apre avòtman** (paj 410), bay 300 mg nan mis 1 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe. Fòk nou bay lòt antibiyotik mete sou jantamisin.

**oubyen** bay 5 mg pou chak kilogram pwa manman an. Bay piki nan mis, 1 fwa pa jou.

**Pou enfeksyon kay tibebe ki fèk fèt** (paj 279), bay piki 4 mg pou chak kilogram pwa tibebe a, nan mis, yon fwa pa jou, pandan 7 jou. Konsa, yon tibebe ki peze 3 kilogram, bay 12 mg pa jou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** anpisilin (paj 474), benzilpenisilin (paj 475), doksisiklin (paj 479), metwonidazòl (paj 483), ak lòt ankò.



**ATANSYON:** Jantamisin ka rann yon moun soud pou tout rès lavi l, epi li ka donmaje ren l yo. Si nou bay yon fi ki gwo vant jantamisin, sa ka domaje tibebe a. Si yon moun fè alèji ak medikaman ki soti nan fanmi aminoglikosid, pa ba li jantamisin.

**Gentiane - violet de gentiane** (vyolèt jansyàn), (*violet cristal, methylrosanilinium chlorure*)

Vyolèt jansyàn se yon dezenfektan ki sèvi pou trete enfeksyon chanpiyon sou po, nan bouch, ak nan vajen.

**Ki sa nou dwe konnen:** Si vyolèt jansyàn nan ap irite po a, sispann sèvi avè l. Lè yon moun gen enfeksyon chanpiyon, se pou l pa fè sèks jis li fin geri. Konsa li pap transmèt bay patnè li enfeksyon an. Vyolèt jansyàn ap fè po ak rad yon moun tounen koulè vyolèt.

**Nou jwenn li nan:** likid 0.5%, 1%, ak 2%, tenti 0.5%; kristal koulè ble fonse ki pou fonn nan dlo. 1 ti kiyè nan yon demi lit dlo fè yon solisyon 2%.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon chanpiyon nan bouch tibebe** (paj 290), pase likid 0.25% nan bouch tibebe a, epi sou pwent tete manman an, 1 fwa pa jou, pandan 5 jou.

**Pou enfeksyon chanpiyon nan vajen** (paj 327), tranpe yon bout twal byen pwòp nan likid 1%. Mete l byen fon nan vajen an chak swa, pandan 3 sware. (Sonje pou w retire l nan maten.)

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** mikonazòl (paj 484), nistatin (paj 485)

**Hydrocortisone (idwokòtisòn)****ATANSYON!**

(cortisol) (kòtisòl)

Idwokòtizòn sèvi pou konbat anflamasyon ak gratèl. Li sèvi pou trete gratèl sou po, epi pou trete chòk alèji.

**Nou jwenn li nan:** krèm oubyen pomad 1%; konprime 5 mg, 10 mg, ak 20 mg; likid ki pou fè piki; poud ki pou fè piki ki gen divès fòs dòz.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou chòk alèji** (paj 466), bay piki 500 mg nan mis. Bay yon lòt dòz nan 4 èdtan si nou wè l nesesè. Fòk nou bay lòt medikaman tou.



**ATANSYON:** Fi ki gwo vant ak fi k ap bay tete pa gendwa sèvi avè l regilyèman; sèvi avè l sèlman nan ka dijans pou trete chòk alèji.

**Immunoglobuline antitétanique: gade tetanòs****Lidocaïne (lidokayin)**

(Lignocaïne) (liyokayin)

Lidokayin se yon anestezi, ki pou angoudi chè a. Kote nou bay piki a, li mouri chè nan zòn sa a pou sa pa fè yon fi mal lè y ap koud yon blese, oubyen lè y ap koud twou nesans li kote ki chire oubyen koupe. Li ka sèvi tou lè yo fè kitaj pou yon fi (*aspiration manuelle intra-utérine*).

**Nou jwenn li nan:** likid pou fè piki, 0.5%, 1%, oubyen 2%.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou angoudi chè a, bay piki solisyon 1% 5 – 30 mg nan po.

**Magnésium – sulfate de magnésium (silfat mayesyòm)**

Silfat mayezym sèvi pout rete kriz kay yon fanm ansent ki soufri ak eklanmsi (anpwazonnman gwosès ki bay kriz).

**Ki sa nou dwe konnen:** Kòm gwo dòz sa a ka fè mal, nou mèt bay solisyon 50% 5 gram nan chak bò dèyè li (nan mis dèyè a), pou fè 10 gram antou. Epitou, pou sa pa fè l twò mal, nou mèt bay li ansam ak yon ti lidokayin si nou genyen li.

**Nou jwenn li nan:** likid ki pou fè piki 10%, 12.5%, 25%, oubyen 50%.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou rete yon kriz kay yon fanm ki gen eklanmsi** (paj 182), bay piki solisyon 50% 10 gram nan mis. Si sa nesesè, bay yon lòt dòz nan 4 èdtan.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** dyazepam (paj 478)



**ATANSYON:** Sèvi ak silfat mayezym sèlman si tansyon fi a monte pi wo pase 160/110, oubyen si li fè kriz. Si li pa rive pran 12 souf nan yon minit, oubyen si li pa fè pipi pandan 4 èdtan, sispann ba li medikaman an. Chèche konkou doktè san pèdi tan.

Fi ki gen pwoblèm ren pa gendwa pran remèd sa a.

**Métronidazole (metwonidazòl)****ATANSYON!**

Metwonidazòl bon pou trete kèk enfeksyon bakteri, disantri amib k ap bay (dyare ak san), trikomonas, ak enfeksyon nan vajen.

**Ki sa nou dwe konnen:** Si moun bwè alkòl ansanm ak metwonidazòl, sa bay anvi vomi.

**Efè segondè:** vye gou fè metalik nan bouch, pipi ki gen koulè fonse, kè plen, vomisman, tèt fè mal.

**Nou jwenn li nan:** konprime 200, 250, 400, ak 500 mg; sipozitwa 500 mg; piki ki gen 500 mg nan 1 flakon 100 ml; likid ki pou pran nan bouch ki gen 200 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon nan matris pandan gwosès** (paj 179), bay 400 - 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 – 10 jou.

**Pou enfeksyon apre akouchman** (paj 271), bay 400 - 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe.

**Pou evite trape enfeksyon nan matris kote yo mete men oubyen fè zouti antre nan matris la** (paj 321), bay 1 gram nan bouch, yon sèl fwa. Mete anpisilin sou sa.

**Pou enfeksyon bakteri nan vajen** (paj 328) oubyen **trikomonas** (paj 326), bay 400 – 500 mg nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 7 jou. Oubyen, mete 1 sipozitwa 500 mg fon nan vajen an chak swa pandan 7 sware.

**Pou enfeksyon nan basen** (anba tivant) (paj 325), bay 400 - 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 14 jou. Fòk nou bay lòt antibiotik tou.

**Pou enfeksyon apre avòtman** (paj 410), bay 400 - 500 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, jis 48 èdtan pase depi lafyèv la fin tonbe. Fòk nou bay lòt antibiotik tou.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** amoksisilin, anpisilin (paj 474), benzilpenisilin (paj 475), jantamisin (paj 481), doksisiklin (paj 479).



**ATANSYON:** Pa bay fanm ansent metwonidazòl pandan premye 3 mwa gwosès yo. Moun ki gen pwoblèm ren pa dwe pran medikaman sa a.

**Miconazole (mikonazòl)****ATANSYON!**

Mikonazòl bon pou trete enfeksyon chanpiyon nan bouch, nan vajen, oubyen sou po.

**Ki sa nou dwe konnen:** Sispenn sèvi ak mikonazòl si l irite po a. Yon moun ki gen enfeksyon chanpiyon pa gendwa fè sèks pandan tan l ap sèvi ak mikonazòl la, pou l pa transmèt bay patnè li enfeksyon an.

**Nou jwenn li nan:** krèm 2%; sipozitwa 100 ak 200 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon chanpiyon nan vajen** (paj 327), mete yon sipozitwa 200 mg fon nan vajen an chak swa pandan 3 sware.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** vyolèt jansyan (paj 482), nistatin (paj 485)



**ATANSYON:** Pa pran mikonazòl pandan premye 3 mwa gwosès la.

## Mifépristone (mifepristòn)

Mifepristòn se yon medikaman ki pèmèt fi fè yon avòtman nan premye 9 semèn gwo sès. Nou ka bay li ansanm ak mizopwostòl oubyen lòt medikaman.

**Ki sa nou dwe konnen:** Lè yon fanm ap pran medikaman sa a, li bon pou li rete toupre yon klinik oubyen doktè, paske gendèfwa medikaman an p ap vide matris la nèt.

**Nou jwenn li nan:** konprime 200 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:** Gade paj ki vini apre a pou konnen ki jan pou bay li ansanm ak mizopwostòl.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** mizopwostòl (paj 485).



**ATANSYON:** Si medikaman an pa t fin vide matris la, fòk yo fè yon kitaj pou fi a pou yo fin vide l (*aspiration manuelle intra-utérine, oubyen curetage de l'utérus*).

## Misoprostol (mizopwostòl)

Mizopwostòl ede vide matris la. Li bon tou pou trete yon fanm k ap pèdi anpil san lè l fin akouche.

**Ki sa nou dwe konnen:** Jeneralman yo bay mizopwostòl ansanm ak yon lòt medikaman, mifepristòn, pou mete yon fen ak yon gwo sès. Si yo bay mizopwostòl sèlman, li ka pa vide matris la nèt. Avòtman fèt ak mizopwostòl ka pran plizyè èdtan, petèt plizyè jou menm.

Si yon avòtman pa t fin fèt nèt, mizopwostòl ka vide matris la, epi sove lavi fi a.

Si moun mouye konprime misopwostòl anvan yo sèvi ak yo, sa ka fè yo bay pi bon rezulta.

**Efè secondè:** kè plen, vomisman, dyare, tèt fè mal. Si fi a ap bay tete, l ap bay tibebe a dyare tou.

**Nou jwenn li nan:** konprime 100 oubyen 200 mikwogram.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou fè plasenta a soti** (paj 228), bay 600 mikwogram; mete konprime yo fonn anba lang nan, oubyen nan bouch la, ant machwè a ak jansiv la, yon sèl fwa.

**Pou evite gwo senyen apre akouchman:** bay 600 mikwogram; mete konprime yo fonn nan bouch jan yo esplike sa pi wo a.

**Pou rete gwo senyen an apre akouchman** (paj 231), bay 800 mikwogram yon sèl fwa; mete konprime yo fonn anba lang nan pandan 30 minit. Lè fini, se pou l vale moso ki rete yo. Si l pa ka vale, mete konprime yo fonn nan twou dèyè a. Sèvi ak yon gan. Tout jan, nou mèt bay yon lòt dòz nan 24 èdtan, si sa nesesè.

**Pou trete avòtman ki pa t fin fèt** (paj 408), bay 600 mikwogram, mete yo fonn nan bouch jan yo di sa pi wo a, pandan 30 minit. Se pou l vale moso ki rete yo. Si sa pa bay rezulta, nan 5 èdtan, bay yon lòt dòz 400 mikwogram. Nou gendwa bay 4 dòz antou (premye dòz 600 mikwogram ak 3 dòz 400 mikwogram).

**Pou mete yon fen ak yon gwo sès ak mizopwostòl e mifepristòn** (paj 408), bay mifepristòn 200 mg pou vale. 2 jou pi ta (48 èdtan), bay mizopwostòl 800 mikwogram, mete konprime yo fonn nan bouch oubyen nan twou dèyè a, jan yo di pi wo a (avòtman ki pa t fin fèt).

**oubyen si pa gen mifepristòn**, bay mizopwostòl 800 mikwogram nan bouch oubyen nan twou dèyè a, pandan 2 jou. Pare nou pou chèche konkou doktè si matris la pa vide nèt.



**ATANSYON:** Si fi a rive sou 3 mwa gwo sès, pa sèvi ak mizopwostòl pou mete yon fen nan gwo sès la.

Pa janm sèvi ak mizopwostòl pou fè doulè tranche a mache, oubyen pou fè ptit la soti pi vit. Sa ka fann matris la.

## Nystatine (nistatin)

Nistatin bon pou trete enfeksyon chanpiyon nan bouch, nan vajen, ak sou po.

**Ki sa nou dwe konnen:** Si nistatin irite po a, sispann sèvi avè l.

Lè yon moun gen enfeksyon chanpiyon, se pou l pa fè sèks jis li fin geri. Konsa li pap transmèt bay patnè li enfeksyon an.

Nistatin aji sèlman sou yon kalite enfeksyon chanpiyon ki rele *candidose* (kandidòz), men mikonazòl (paj 484) aji sou lòt kalite enfeksyon chanpiyon tou.

**Efè secondè:** dyare ak lestomak boulvèse

**Nou jwenn li nan:** sipozitwa, konprime pou souse nan bouch, krèm 100,000 inite; likid ki gen 100,000 inite nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon nan bouch ak gòj,** souke 1 ml likid la nan tout bouch la pandan yon minit, epi vale l. Fè sa 3 - 4 fwa pa jou, pandan 5 jou.

**Pou enfeksyon nan vajen** (paj 327), mete 1 sipozitwa fon nan vajen an chak swa pandan 14 sware.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** vyolèt jansyan (paj 482), mikonazòl (paj 484).

## Oxytocine (oksitisin)

Oksitosin fè matris la sere kò l ak venn san yo; se sa ki sèvi pou anpeche yon fi senyen, oubyen pou trete yon fi k ap senyen anpil apre yon akouchman, oubyen apre yon avòtman.

**Nou jwenn li nan:** piki ki gen 10 inite nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou fè plasenta a soti** (paj 228) oubyen **pou rete senyen an apre akouchman** (paj 231), bay piki 10 inite nan mis. Bay yon lòt dòz nan 10 minit si sa nesesè.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** ègometrin (paj 480), mizopwostòl (paj 485)



**ATANSYON:** Pa sèvi ak medikaman sa a pou fè doulè tranche a mache, oubyen pou fè pitit la soti pi vit. Sa ka fè tranche a vin si cho, jis li fann matris la.

Pa sèvi ak medikaman sa a pou mete yon fen ak yon gwosès. Medikaman an ka byen touye fi a olye pou fè l jete pitit la.

## Paracétamol (parasetamòl)

(Acétaminophène) (asetaminofèn)

Parasetamòl sèvi pou kalme doulè epi desann lafyèv.

**Ki sa nou dwe konnen:** Parasetamòl pap geri maladi; travay li se kalme doulè a ak desann lafyèv. Li enpòtan pou nou chèche konnen ki maladi moun nan genyen pou nou ka trete l.

**Nou jwenn li nan:** konprime 100, 325, ak 500 mg; likid ki gen 120 mg ak 160 ml nan 5 ml.

**Ki jan pou nou sèvi avè l:** pran 500 – 1000 mg nan bouch, chak 4 – 6 èdtan. Pa pran plis pase 4000 mg pandan 24 èdtan.



**Lòt medikaman ki ka bon tou:** aspirin oubyen ibipwofèn, men fanm ansent pa gendwa pran yo.



**ATANSYON:** Si yon fi ap soufri ak pwoblèm fwa, oubyen pwoblèm ren, li pa gendwa sèvi ak parasetamòl. Si yon moun pran parasetamòl regilyèman chak jou, oubyen si li bwè l ansanm ak alkòl, sa ka domaje fwa a. Pa pran plis pase 4000 mg nan yon jou. Pa pran l ansanm ak lòt medikaman ki gen parasetamòl ladan yo.

## Péncilline procaïne (penisilin pwokayin)

(benzylpénicilline procaïne, PAM) (benzilpenisilin pwokayin)

Penisilin pwokayin se yon antibiotik ki rete pi lontan ap travay nan kò yon moun pase penisilin senp. Li sevi pou trete enfeksyon nan matris ak lòt enfeksyon.

**Ki sa nou dwe konnen:** Lè w pran l ansanm ak *probénécide*, li fè kantite penisilin ki nan san an monte, epi li fè l rete pi lontan ap travay nan kò a. Se pou w toujou gen medikaman tou pare pou trete yon reyakson alèji (paj 465).

**Efè secondè:** Li ka lakòz enfeksyon chanpiyon kay fi, oubyen chofi kouchèt kay timoun.

**Nou jwenn li nan:** flakon ki pou fè piki ki gen 300,000, 400,000, ak 600,000 inite ladan yo; poud ki pou fè piki, 1 gram = 1 milyon inite.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou enfeksyon ki grav pandan tranche a** (paj 179), bay piki 1.2 milyon inite nan mis. Bay yon lòt dòz nan 12 èdtan si sa nesesè.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** anpisilin (paj 474), benzilpenisilin (paj 475)



**ATANSYON:** Si yon moun soufri ak opresyon, penisilin pwokayin ka ba l kriz opresyon.

Pa janm bay li ansanm ak tetrasiklin.

Si yon moun fè alèji ak medikaman ki soti nan fanmi penisilin, pa ba li penisilin pwokayin.

**Prométhazine (pwometazin)****ATANSYON!**

Pwometazin se yon anti-istaminik ki sèvi pou trete reyakson alèji ak chòk alèji.

**Efè secondè:** Bouch ak nen moun nan vin sèch, li wè twoub. Sa preske pa janm rive, men li konn bay tik nan kò, nan figi, oubyen nan je.

**Nou jwenn li nan:** konprime 10, 12.5, ak 25 mg; siwo ki gen 5 mg nan 5 ml; anpoul ki pou fè piki ki gen 25 mg nan 1 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou trete reyakson alèji ki pa twò grav (paj 465), bay 25 mg nan bouch. Bay yon lòt dòz nan 6 èdtan, si sa nesesè.

Pou chòk alèji (paj 466), bay piki 50 mg nan mis. Bay yon lòt dòz nan 6 èdtan, si sa nesesè.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** difenidramin (paj 479).



**ATANSYON:** Li pi bon pou moun pran l nan bouch. Bay piki sèlman pou reyakson alèji ki grav anpil, oubyen pou chòk alèji.

Nan ka dijans, fi gendwa sèvi avè l, men fanm ansent ak fanm k ap bay tete pa gendwa pran l regilyèman.

**Quinine (kinin)**

(sulfate ou bisulfate de quinine) (silfat oubyen bisulfat kinin)

Kinin se yon medikaman ki pou trete malarya. Nan liv sa a, nou sèvi avè l sèlman pou trete malarya kay fanm ansent nan premye 3 mwa gwosès yo.

**Efè secondè:** li ka fè moun swè, fè zòrèy yo kènen, oubyen fè yo pa tandé byen, fè yo wè twoub; li ka bay tèt vire, kè plen, vomisman, ak dyare.

**Nou jwenn li nan:** konprime 300 oubyen 650 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou trete malarya nan premye 3 mwa gwosès, bay 600 mg nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 jou.

**Sulfate ferreux:** gade fèr

**Sulfate de magnésium:** gade magnésium

**Tétanos - immunoglobuline antitétanique**

(sewòm antitetanik)

Sewòm antitetanik sèvi pou trete moun ki ka te trape tetanòs men ki pa t vaksinen kont maladi a.

**Ki sa nou dwe konnen:**

4 semèn apre yon moun pran sewòm antitetanik, se pou l kòmanse pran vaksen kont tetanòs (paj 489). Si nou pap fasil wè li lè sa a, nou mèt bay vaksen an nan menm jou ak sewòm antitetanik la. Men pa bay piki yo sou menm kote, pou youn pa fè lòt la pèdi fòs li. Sinon, vaksen an pap bon.

**Efè secondè:** alèji

**Nou jwenn li nan:** sewòm antitetanik nan flakon ki gen 250 inite ladan yo



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou yon moun ki gen yon blese ki ka enfekte ak tetanòs (tankou yon avòtman fèt nan move kondisyon), epi li pa t vaksinen kont tetanòs, bay piki sewòm antitetanik 250 inite nan vyann.

Si moun nan bay siy ki endike li gen tetanòs, bay piki sewòm antitetanik 5000 inite nan mis.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** benzilpenisilin (paj 475), vaksen kont tetanòs



**ATANSYON:** Maladi tetanòs ka fasil pote moun ale. Menmsi nou ba li sewòm antitetanik, chèche konkou doktè.

## Tétanos – Vaccin contre téтанос (vaksen kont tetanòs)

Vaksen kont tetanòs anpeche moun trape maladi tetanòs. Nou gendwa bay li pandan oubyen apre yon gwo sès, oubyen apre yon avòtman. Si nou bay yon fi 2 dòz vaksen an (3 dòz pi bon toujou; al gade nan pwogram anba a) pandan gwo sès la, sa ap pwoteje tibebe a kont maladi grav sa a.

**Ki sa nou dwe konnen:** Tout moun dwe pran vaksen kont tetanòs depi yo timoun. Jeneralman yo bay yon vaksen konbine, ki rele DPT. Premye 3 piki vaksen sa a egal 2 dòz vaksen kont tetanòs.

**Efè secondè:** kote yo bay vaksen an fè mal, li wouj, li cho, li yon ti jan anfle

**Nou jwenn li nan:** anpoul ki gen yon sèl dòz ladann (0.5 ml) oubyen flakon ki pou fè piki.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

Pou pwoteje moun kont tetanòs pandan tout lavi yo (paj 102), bay piki vaksen 0.5 ml, 5 fwa, nan mis anwo ponyèt, epi yon rapèl chak 10 ane.

Premye piki – pi vit posib

2yèm piki – 4 semèn apre premye piki

3yèm piki – 6 semèn apre 2yèm piki

4yèm piki – 1 ane apre 3yèm piki

5yèm piki – 1 ane apre 4yèm piki

Rapèl – 10 ane apre 5yèm piki

**Pou evite tetanòs kay yon fi ki ka te deja enfekte** (paj 411), bay piki 0.5 ml nan mis. Anplis, fòk ou bay sewòm antitetanik 250 inite tou.

## ATANSYON!



## Tétracycline (tetrasiklin)

Tetrasiklin se yon antibiotik ki soti nan fanmi tetrasiklin. Li sèvi pou trete anpil enfeksyon, men nan liv sa a, nou mete l sèlman pou esplike ki jan pou sèvi avè l pou tibebe ki fèk fèt pa vin avèg.

**Nou jwenn li nan:** pomad 1%.



**Ki jan pou nou sèvi avè l: pou je tibebe ki fèk fèt** (paj 261), pase pomad 1% nan chak je tibebe a yon sèl fwa, anvan 2 èdtan pase depi li fèt.

**Lòt medikaman ki ka bon tou:** eritwomisin (paj 480), iyòd



**ATANSYON:** Tetrasiklin nan bouch ka yon danje pou famn ansent ak pou fanm k ap bay tete.

## Tricloroacétique – acide tricloroacétique (asid triklowo-asetik)

Nou ka sèvi ak asid triklowo-asetik oubyen *bicloroacétique* (biklowo-asetik) pou trete veri sou pati jenital.

**Ki sa nou dwe konnen:** Asid sa a ka bay gwo boule ki fè mak sou po. Fè atansyon pou asid la pa touche ak po a. Si sa rive, lave po a ak dlo e savon.

**Nou jwenn li nan:** likid ki gen divès fòs, soti 10% rive 90%



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou trete veri jenital** (paj 333), pase vazlin oubyen lòt grès sou po a bò kote veri yo. Mete yon ti gout asid sou veri a. Sa ap fè mal pandan 15 – 30 minit. Lèfini, lave l pou wete asid la. Fè tretman an yon lòt fwa nan 8 jou si sa nesesè, men pa fè l pi souvan pase chak 8 jou.

**Violet de gentiane:** gade *gentiane*

## Konprime planin

Pifò metòd òmòn yo gen 2 kalite medikaman ladan yo. Yo koresponn ak 2 kalite òmòn kò fi bay pou kontwole règ yo. Òmòn sa yo rele *estrogène* (*ethiny1 estradio1*; estwojèn) e *progestérone* (*levonorgestrel*; pwojestewòn oubyen pwojestin). Menmsi yo gen 2 medikaman sa yo ladan yo, yo tout pa gen menm fòs dòz la. Yo vann yo sou divès non mak. W ap jwenn kèk non mak nan paj ki vini apre a.



Nòmalman, konprime ki gen yon ti dòz nan toulede òmòn fi ap mache pi byen, epi yo pa fasil gen danje ladan yo.

Pou konprime fè travay yo byen, epi pou w pa wè ti san anvan e apre règ, fè atansyon pou w pran konprime a nan menm lè a chak jou. Si w suiv plan sa a kote w pran konprime ki gen yon ti dòz la pandan 3 - 4 mwa, epi w toujou ap wè ti san, pale ak ajan sante w pou wè si li pa ta bon pou w pran yon konprime ki nan gwoup 3 pito.

Sa k rive pi souvan, depi w ap pran konprime pou w pa fè pitit, san an pap koule anpil lè w gen règ ou. Se yon gwo avantaj pou fi ki soufri feblès (anemi). Konprime ki gen yon dòz pwojestewòn ki pi gwo, epi yon dòz estwojèn ki pi piti, yo ka pi bon pou fi ki senyen anpil lè yo gen règ yo, osinon ki gen tete yo ap fè yo mal anvan règ yo parèt. Se gress ki nan gwoup 3.

Fi k ap bay tete, oubyen ki pa ka sèvi ak konprime planin kombine paske sa bay yo tèt fè mal, oubyen paske tansyon yo twò wo, yo mèt sèvi ak yon konprime ki gen pwojestewòn sèlman ladan l. Yo rele yo gress senp, mini pilil (*minipilule*).

Kenbe yon lè egzak nan jounen an pou ou pran gress ki gen pwojestewòn sèlman, menm pandan règ ou. Si w pran gress senp, ou ka pa wè règ ou jan w te konn wè l anvan. Si w blye bwè konprime a yon sèl fwa, ou ka vin ansent.

## Gwoup 1 – Konprime 3 faz

Konprime sa yo gen yon ti dòz toulède òmòn, estwojèn ak pwojestewòn, ladan yo, epi fòs dòz òmòn nan konprime yo ap chanje pandan mwa a. Veye pou w pran konprime yo nan lòd yo plase nan pakèt la.

**Men kèk non mak:**

<i>Logynon</i>	<i>Synophase</i>	<i>Tricyclen</i>	<i>Trinordiol</i>
<i>Trinovum</i>	<i>Triquilar</i>	<i>Triphasil</i>	

## Gwoup 2 – Konprime ti dòz

Konprime sa yo gen yo ti dòz toulède òmòn, estwojèn (estwojèn kalite *éthinylin estradiol* 35 mikwogram, oubyen estwojèn kalite *mestranol* 50 mikwogram), ansanm ak pwojestewòn 0.1 mg). Tout konprime gen menm fòs, menm dòz.

**Men kèk non mak:**

<i>Brevicon 1 + 35</i>	<i>Neocon</i>	<i>Noriday 1 + 50</i>	<i>Norimin</i>
<i>Norinyl 1 + 35, 1 + 50</i>	<i>Ortho-Novum 1/35, 1/50</i>	<i>Ovysmen 1/35</i>	<i>Perle</i>

## Gwoup 3 – Konprime ti dòz

Konprime sa yo gen yon pi gwo dòz pwojestewòn, epi yon dòz estwojèn ki pi piti (estwojèn kalite *ethinylin estradiol* 30 – 35 mikwogram).

**Men kèk non mak:**

<i>Lo-Femenal</i>	<i>Lo-Ovral</i>	<i>Microgynon 30</i>	<i>Microvalar</i>
<i>Nordette</i>			

## Gwoup 4 – Konprime gwo dòz

Konprime sa yo gen yon pi gwo dòz estwojèn (50 mcg nan “*éthinylin estradiol*”) epi pifò gen yon pi gwo dòz pwojestewòn tou.

**Men kèk non mak:**

<i>Denoval</i>	<i>Eugynon</i>	<i>Femenal</i>	<i>Neogynon</i>
----------------	----------------	----------------	-----------------

## Gwoup 5 – Konprime ki gen pwojestewòn sèlman

Konprime sa yo gen yon sèl òmòn, pwojestewòn; yo rele yo gress senp, “*minipilule*” (mini-pilil).

**Men kèk non mak:**

<i>Femulen</i>	<i>Micronor</i>	<i>Micronovum</i>	<i>Nor-Q D</i>
<i>Microlut</i>			
<i>Microval</i>	<i>Neogest</i>	<i>Neogeston</i>	<i>Ovrette</i>

Nou gendwa sèvi ak konprime sa yo pou planin ann ijans tou.



## Medikaman pou VIH/SIDA

Pa gen remèd ki pou geri VIH/SIDA. Men genyen kombinezon remèd ki aji sou virus la. Yo ede moun jwenn pi bon sante epi viv pi lontan. Lè moun pran yon kombinezon medikaman pou trete VIH/SIDA, yo rele sa tretman *antirétroviraux*, ARV (Anti Retwo Viwo). Nan anpil peyi nou jwenn tretman sa a pi fasil, epi li pa koute twò chè ankò. Mande konsèy bò kote responsab yo nan Sèvis Sante Biblik pou konnen ki tretman nou ka jwenn, epi ki jan pou nou suiv li.



Pou konnen plis sou enfeksyon VIH/SIDA, al gade nan paj 99 epi 334. Moun ki gen VIH ka pran yon lòt medikaman, *cotrimoxazole* (kotrimoksazòl, paj 477), chak jou pou anpeche yo trape anpil enfeksyon ki konn rive kay moun ki gen VIH.

**Ki kote pou yon fi jwenn tretman ARV?** Gen pwogram ki pran swen moun ki gen VIH/SIDA, kote yo bay medikaman yo; genyen klinik ak lopital. Anpil kote yo bay medikaman yo gratis. Yon fi k ap suiv tretman ARV dwe al fè konsiltasyon tanzantan, pou wè ki jan l ap goumen ak pwoblèm medikaman yo ap bay.

**Ki lè pou yon fi kòmanse suiv tretman ARV?** Pi bon mwayen se pou fè yon analiz san yo rele CD4 (SD4), ki montre nou ki kapasite kò a genyen pou l konbat enfeksyon an. Lè rezulta CD4 la rive pi ba pase 350 (yon bon rezulta pi wo pase 800), pifò moun kòmanse suiv tretman ARV. Kote yo pa ka fè tès la, y ap egzamine ki maladi yon fi ap soufri. Tout fi ki gen tibèkilòz ak VIH, sa vle di toulède ansanm, dwe kòmanse tretman ARV, soti 2 rive 8 semèn apre yo te kòmanse suiv tretman tibèkilòz la, malgre nenpòt sa rezulta tès CD4 la ta bay. Menm jan an tou, fi ki gen VIH ak epatit dwe kòmanse tretman ARV pi vit posib.

Tout fi ki gwo vant gen pou suiv tretman ARV, swa pou pwoteje pwòp sante pa yo, swa pandan kèk tan pou pwoteje sante tibebe a. Pou bay tibebe a pi bon pwoteksyon, yon fi dwe kòmanse suiv tretman ARV pi vit posib lè l rive sou 14 semèn gwosès (3 mwa èdmi). Gade paj 495.

### Anvan yon moun kòmanse tretman ARV:

Lè yo kalkile ak ki medikman pou yo sèvi, epi ki lè pou yo mete yon fi sou tretman ARV, sa depann de sante fi a. Chèche wè si l gwo vant, si l soufri ak maladi ki grav, lafyèv pandan lontan, anemi, tibèkilòz, maladi sik, maladi kè, oubyen epatit. Y ap mande si l konn suiv tretman ARV deja. Fi ki rete andeyo, kote ki gen anpil tibèkilòz, dwe mande ajan sante a si yo pa gendwa pran *isoniazide* (izoniyazid) pou anpeche yo trape tibèkilòz.

**Lè yon fi ap suiv tretman ARV, fòk li pran remèd la chak jou**, san sote jou. Si li sispann pran remèd la, VIH la ap fè l tonbe malad ankò. Si l pran remèd tanzantan, men pa chak jou, sa pèmèt mikwòb yo vin kenbe tèt ak medikaman yo. Konsa, yo pap trete maladi a jan yo te konn trete l. Yon fanmsaj, menm jan ak moun ki dirije pwogram VIH/SIDA, ka fè efò pou moun ki gen VIH toujou ka jwenn remèd.

Lè yon fi pale ak yon lòt moun k ap suiv tretman ARV, sa ka bay li kouraj pou li goumen ak gwo pwoblèm tretman an ap bay. Epitou, yon moun nan fanmi ki konnen sa li genyen an ka fè l sonje pou li bwè remèd yo chak jou. Si yon moun pa vle lòt moun konnen sa l genyen, sa ka bay pwoblèm pou l pran medikaman yo nan lè pou l pran yo.

**Ki medikaman ki sèvi pou tretman ARV?** Jeneralman, yo fè tretman ARV ak yon konbinezon 3 oubyen 4 medikaman. Gen konbinezon ki fêt ak 2 oubyen 3 konprime. Gen kote yo ka fè tès pou wè ki medikaman ki pi efikas. Kote yo pa fè tès sa yo, yo sèvi ak detwa konbinezon ki bon pou trete pifò fi. Nou bay kèk konbinezon isit. Nou ka sèvi ak medikaman sa yo pou trete yo pandan gwo sès yo, nan moman akouchman an, ak lè y ap bay tete. Sa ap pwoteje tibebe a kont maladi a.

### **Ki jan pou suiv tretman antiretwoviwo, ARV**

- Fòk ou pran medikaman yo nan menm lè a chak jou.
- Medikaman ou gen pou pran 2 fwa nan yon jou, se pou w bwè yo chak 12 èdtan. Pa egzanp, si w pran premye dòz la a 6 è nan maten, pran dezyèm dòz la 6 è nan aswè. Si w manke gen ase medikaman nan kò w pandan kèk èdtan, konsa medikaman yo ka pèdi fòs yo.
- Si w sote yon dòz, fè efò pou ou bwè l anvan 5 èdtan reta. Si w an reta plis pase 5 èdtan, tann lè pou w pran twochen dòz la.
- Pa sispann bwè nenpòt medikaman ARV san w pa pale ak yon ajan sante, pou wè si w gen pou sispann pran yo youn pa youn, oubyen si se yon sèl kou pou ou sispann pran yo tout.

### **Efè segondè**

Tretman ARV ede moun jwenn pi bon sante epi viv pi lontan. Men, menm jan ak lòt medikaman, medikaman ARV bay pwoblèm (efè segondè). Lè moun vin abitye ak medikaman yo, gen pwoblèm k ap diminye epi ki ka menm al fè wout yo. Sa nou wè fasil se dyare, fatig, tèt fè mal, ak lestimak boulvèse, tankou kè plen, vomisman, vant fè mal, ak manke apeti. Men toujou bwè tout medikaman yojis ajan sante a rekòmande pou w pran lòt medikaman, oubyen pou ou sispann pran yo.

Gen lòt pwoblèm ki grav, ki mande moun pou pran lòt medikaman. Men efè segondè ki grav: men ak pye li yo tingting oubyen boule l, li gen lafyèv, gratèl, je li tounen koulè jòn, li gen fatig ki mache ak souf kout, anemi (feblès) ak lòt pwoblèm san, epi pwoblèm fwa. Si w gen pwoblèm ki grav, al wè yon ajan sante san pèdi tan.

### **Ki jan pou w evite devlopman VIH la lè w fèk pran kontak avè I**

Fanmsaj ak lòt moun ka pran kontak ak VIH pandan y ap pran swen moun. Pa egzanp, yon ajan sante ka pran kontak ak VIH nan travay li, lè li pike tèt li pa aksidan ak yon sereng ki kontamine. Anpil fi pran kontak ak VIH lè gason fè kadejak sou yo. Si w kwè ou te pran kontak ak yon moun ki gen VIH (gade paj 334 pou konnen ki jan moun trape VIH), gendèfwa ou ka evite trape VIH si w suiv tretman ARV pandan yon mwa konsa. Kòmanse tretman an pi vit ou kapab. Pale ak yon ajan sante ou ka fè konfyans.

- Sa bay pi bon rezulta si w kòmanse tretman an tousuit, nan kèk èdtan. Pa tann plis pase 3 jou. Kòmanse ak youn nan konbinezon ARV yo, nan bwat “Konbinezon ARV pou fi ki gen VIH” (paj 494). Li pi bon pou chwazi konbinezon 2 oubyen 4. Ka genyen lòt kobinezon ki bon pou zòn pa w la. Nenpòt jan, fòk ou suiv tretman an pandan 28 jou.

## Konbinezon ARV pou fi ki gen VIH (pa pou timoun)



### Konbinezon 1

Medikaman	Dòz	Prekosyon ak efè segondè	Poukisa I bon
<i>zidovudine</i> (AZT)	250 - 300 mg 2 fwa pa jou	anemi, kantite globil blan nan san an twò ba	Konbinezon ki pi sèvi; nou jwenn li pi fasil.  Li san danje pou fanm ansent
<i>lamivudine</i> (3TC)	150 mg 2 fwa pa jou, oubyen 300 mg yon fwa pa jou		
<i>nevirapine</i> (NVP)	200 mg yon fwa pa jou pandan 14 jou, apre sa, 200 mg 2 fwa pa jou	gratèl sou po pwoblèm fwa	

### Konbinezon 2

Medikaman	Dòz	Prekosyon ak efè segondè	Poukisa I bon
<i>tenofovir (TDF)</i>	300 mg yon fwa pa jou	Ka bay pwoblèm ren, Pou fanm ki pi gran pase 18 ane	Li gen mwens efè segondè Li san danje pou fanm ansent  Konbinezon ki bon pou fanm ki gen VIH ak lajonis (epatit)
<i>lamivudine</i> (3TC)	150 mg 2 fwa pa jou, oubyen 300 mg yon fwa pa jou		
<i>nevirapine</i> (NVP)	200 mg yon fwa pa jou pandan 14 jou, apre sa, 200 mg 2 fwa pa jou	gratèl sou po pwoblèm fwa	

### Konbinezon 3

Medikaman	Dòz	Prekosyon ak efè segondè	Poukisa I bon
<i>zidovudine</i> (AZT)	250 to 300 mg 2 fwa pa jou	anemj, kantite globil blan nan san an twò ba	Konbinezon ki bon pou moun ki pran <i>rifampicine</i> pou trete tibèkilòz.
<i>lamivudine</i> (3TC)	150 mg 2 fwa pa jou, oubyen, 300 mg yon fwa pa jou		
<i>efavirenz (EFV)</i>	600 mg yon fwa pa jou	Tèt vire, li bwouye, tanperaman li chanje.  Pa pran li pandan premye 3 mwa gwosès; pitit la ka soti ak yon domaj	

<b>Konbinezon 4</b>			
<b>Medikaman</b>	<b>Dòz</b>	<b>Prekosyon ak efè segondè</b>	<b>Poukisa I bon</b>
<i>tenofovir (TDF)</i>	300 mg yon fwa pa jou	Ka bay pwoblèm ren, Pou fi ki pi gran pase 18 ane	Ka jwenn li nan konprime konbine, ki pou pran 1 yon fwa pa jou.
<i>lamivudine (3TC)</i>	150 mg 2 fwa pa jou, oubyen, 300 mg yon fwa pa jou		Konbinezon ki bon pou moun ki pran <i>rifampicine</i> pou trete tibèkilòz.
<i>efavirenz (EFV)</i>	600 mg yon fwa pa jou	Tèt li vire, li bwouye, tanperaman li chanje.  Pa pran I pandan premye 3 mwa gwochès, paske pitit la ka soti ak yon domaj	Konbinezon ki bon pou fi ki gen VIH ak lajonis (epatit)



**ATANSYON!** Gen tretman ARV ki sèvi ak *stavudine (d4t)* (stavidin) olye de zidovidin nan konbinezon 1 ak 3. Men, stavidin ka bay pwoblèm ki grav si yon moun bwè l pou lontan. Pifò pwogram tretman VIH chèche evite sèvi avè l; yo bay lòt medikaman ki pa gen danje menm jan ak stavidin nan. Si w sèvi avè l, pa pran plis pase 30 mg 2 fwa pa jou.

### ***Ki jan pou anpeche yon tibebe trape VIH***

Si fi a déjà sou tretman an anvan li vin ansent, se pou l toujou suiv tretman an. Depi tibebe a fèt, mete l sou tretman an pandan kèk semèn. Gade pi ba a.

Menmsi yon fi pa sou tretman ARV poutèt pwòp sante pa l, pou pwoteje tibebe a, li dwe suiv tretman ARV pandan gwochès la, akouchman an, epi jis li sevre tibebe a. Bay tibebe a tretman ARV depi li fèt, pou anpeche l trape VIH. Konsa, n ap bay tretman pandan yon tan fiks, epi pa pou tout lavi fi a, tankou tretman ARV. Se tretman an ki pou fè manman an pa transmèt VIH la bay pitit la.

Se pa sèlman medikaman ki pou pwoteje tibebe a kont VIH. Li enpòtan tou pou papa ak manman yo pran prekosyon lè y ap fè sèks pandan gwochès la, pou akouchman an fèt nan bon kondisyon, pou yo pran prekosyon sou ki jan pou yo nourri tibebe a, epi pou yo trete maladi kay manman an ak kay ti pitit la.

### ***Tretman ARV ki pou anpeche yon tibebe trape VIH (pou manman an pa transmèt li bay pitit la)***

**Si manman an DEJA AP SUIV tretman ARV**, se pou l kontinye suiv li, epi se pou l bay tibebe a medikaman ki "POU TIBEBE A", premye tretman an.

**Si manman an PAP SUIV tretman ARV**, li menm ak tibebe li dwe kòmanse pran medikaman jan yo di nan premye oubyen nan dezyèm plan an, pou tibebe a pa trape VIH. Sèvi ak medikaman yo rekòmande nan peyi nou.

## Possible 1

### POU MANMAN AN

Osito li kapab, se pou l kòmanse suiv youn nan kombinezon tretman ARV yo (paj 494). Pandan premye 3 mwa gwochè la, li pi bon pou sèvi ak yon kombinezon ki pa gen EFV ladan l. Li oblige suiv tretman ARV chak jou pou tout rès lavi l.

### POU TIBEBE A

Kit manman an ap bay tête, kit li pap bay tête, bay tibebe a tretman sa a:

- AZT (ZDV, zidovudine)(zidovidin) likid, 4 mg/kg, 2 fwa pa jou pandan 6 semèn, OUBYEN
- NVP (nevirapine) (nevirapin), likid, 2 mg/kg, yon fwa pa jou, pandan 6 semèn.

## Possible 2

### POU MANMAN AN

Pandan gwochè la, depi li rive sou 14 semèn gwochè, pi vit posib li dwe pran:

- AZT (ZDV, zidovudine)(zidovidin), 300 mg, 2 fwa pa jou

Pandan tranche a, li dwe pran:

- NVP (nevirapine)(nevirapin), 200 mg, yon sèl dòz lè tranche a kòmanse , ANSANM AK
- 3TC (lamivudine), 150 mg, lè tranche yo kòmanse, epi chak 12 èdtan jis tibebe a soti EPI
- kontinye pran AZT (ZDV, zidovudine)( zidovidin), 300 mg, 2 fwa pa jou

Lè l fin akouche, se pou l pran, pandan 7 jou:

- 3TC (lamivudine) (lamividin), 150 mg, 2 fwa pa jou ANSANM AK
- AZT (ZDV, zidovudine)( zidovidin), 300 mg, 2 fwa pa jou.

### POU TIBEBE A

Depi tibebe a fèt, ba li:

- NVP (nevirapine)(nevirapin), 2 mg/kg likid (oubyen 6 mg)

Si manman an **ap suiv tretman ARV**, toujou bay tibebe a dòz NVP sa a chak jou, pandan 6 semèn.

Si manman an **PAP suiv tretman ARV**, epi li **PAP bay tête**, bay tibebe a tretman sa a chak jou pandan 6 semèn.

Si manman an **PAP suiv tretman ARV** epi l **AP bay tête**, bay tibebe a dòz NVP sa a chak jou, pandan 8 jou apre li sevre ptit la.

**Efavirenz (EFV)****ATANSYON!**

Efavirenz sèvi nan konbinezon ak lòt medikaman pou trete VIH/SIDA.

**Ki sa nou dwe konnen:** Si yon moun ap pran *rifampicine* (rifampisin) pou trete tibèkilòz, li ka bezwen yon pi gwo dòz Efv (800 mg olye 600 mg).

**Pou trete VIH/SIDA**, fòk ou bay lòt medikaman ansanm ak Efv. Bay dòz yo di pou nou bay la.

**Efè secondè:** Efv ka bay tèt vire, fè yon moun bwouye, fè tanperaman li chanje, epi fè li fè vye rèv ki dwòl. Nòmalman yo al fè wout yo nan 2 - 4 semèn. Sinon, oubyen si yo tounen pi mal, al wè yon ajan sante.

**Chèche konkou san pèdi tan** si w wè siy alèji: mak sou po ki gen koulè wouj oubyen vyolèt, gratèl oubyen lòt pwoblèm po k ap vin pi grav, lafyèv, pwoblèm sante mantal.

**Nou jwenn li nan:** kapsil 50 mg, 100 mg, 200 mg; konprime 600 mg; likid ki pou pran nan bouch 150 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou trete VIH/SIDA** (paj 494), bay 600 mg yon fwa pa jou, ansanm ak lòt medikaman.



**ATANSYON:** Fi pa gen dwa pran Efv pandan premye 3 mwa gwosès; li ka fè tibebe a soti ak yon domaj. Fi k ap pran Efv, epi ki kapab vin ansent, dwe pran yon lòt kalite medikaman.

**Lamivudine (3TC) (lamividin)****ATANSYON!**

Lamivudine sèvi nan konbinezon ak lòt medikaman pou trete VIH/SIDA, epi pou manman an pa transmèt VIH bay pitit la.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pou trete VIH/SIDA, fòk nou bay 3TC ansanm ak lòt medikaman. Fòk moun bwè medikaman an chak jou. Bay dòz yo di pou w bay la.

**Efè secondè:** Pa fasil bay pwoblèm.

**Chèche konkou tousuit** si w gen vant fè mal, kè plen, vomisman, gwo fatig ki mache ak souf kout, oubyen doulè nan mis.

**Nou jwenn li nan:** konprime 150 mg; likid ki pou pran nan bouch, 50 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou trete VIH/SIDA** (paj 494), bay 150 mg nan bouch 2 fwa pa jou, oubyen 300 mg yon fwa pa jou, ansanm ak lòt medikaman.

**Pou anpeche tibebe trape VIH pandan akouchman an** (paj 495), bay manman an 150 mg kou tranche a kòmanse, epi chak 12 èdtan tan pandan tranche a. Si l ap bay tete, bay li chak 12 èdtan pandan 7 jou apre tibebe a fèt.

**Nevirapine (NVP) (nevirapin)****ATANSYON!**

Nevirapin sèvi nan kombinezon ak lòt medikaman pou trete VIH/SIDA, epi pou manman an pa transmèt VIH bay pitit la.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pou trete VIH/SIDA, fòk ou bay NVP ansanm ak lòt medikaman. Fòk moun bwè medikaman an chak jou. Bay dòz yo di pou w bay la. Si yon fi sèvi ak NVP san lòt medikaman pou evite tibebe a trape VIH, medikaman an ka pa mache twò byen lè rive yon lè pou li trete pwòp maladi pa l. Pou chèche evite reyakson alèji, ba li yon fwa pa jou pandan premye 15 jou tretman an.

**Efè seconde:** gratèl, lafyèv, kè plen, maltèt.

Chèche konkou san pèdi tan si w fè siy alèji: mak sou po ki gen koulè wouj oubyen vyolèt, gratèl oubyen lòt pwoblèm po, lafyèv, po ak je tounen koulè jòn, fwa a ap anfle.

**Nou jwenn li nan:** konprime 200 mg; likid ki pou pran nan bouch 50 mg nan 5 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou trete VIH/SIDA** (paj 494), bay 200 mg nan bouch, yon fwa pa jou, pandan 15 jou; apre sa, bay 200 mg 2 fwa pa jou.

Bay li ansanm ak lòt medikaman.

**Pou anpeche tibebe trape VIH pandan akouchman an** (paj 495):

**Pou fi ki pa t pran tretman ARV pandan gwosès la,** bay 200 mg nan bouch lè tranche a kòmanse, ansanm ak lòt medikaman.

**Pou tout tibebe ki pitit manman ki gen VIH,** bay tibebe a 2 mg pou chak kilogram pwa li (oubyen 6 mg) depi l fèt. Apre sa, bay tibebe a 2 mg pou chak kilogram pwa pandan 6 semèn si manman an pa t bay tete. Si manman an bay tete, bay tibebe a NVP 2 mg pou chak kilogram pwa jis 8 jou apre li sevre l.



**ATANSYON:** Nevirapin ka lakòz pwoblema grav nan fwa a. Si moun nan bay siy li gen lajonis (epatit) (paj 336), sispann bay li. Pa janm ba li medikaman sa a ankò.

Fann ki gen yon CD4 (yon tès san an) ki pi wo pase 250 pi fasil fè reyakson alèji. Si gen posiblite, se pou yo sèvi ak lòt medikaman ARV.

**Tenofovir (TDF) (tenofovi)****ATANSYON!**

Tenofovir sèvi nan kombinezon ak lòt medikaman pou trete VIH/SIDA.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pou trete VIH/SIDA, fòk nou bay NVP ansanm ak lòt medikaman. Fòk moun bwè medikaman an chak jou. Bay dòz yo di pou w bay la.

Fi ki poko gen laj 18 ane pa dwe pran medikaman sa a.

**Efè seconde:** dyare, kè plen, vomisman, tèt fè mal, feblès

**Nou jwenn li nan:** konprime 300 mg.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou VIH/SIDA** (paj 494), bay 300 mg yon fwa pa jou. Bay li ansanm ak lòt medikaman.



**ATANSYON:** Tenofovi ka lakòz pwoblèm nan ren. Chèche konkou san pèdi tan si li bay siy ki fè nou konnen li gen pwoblèm nan ren (ensifizans renal).

**Zidovudine (ZDV, AZT) (zidovidin)****ATANSYON!**

Zidovidin sèvi nan konbinezon ak lòt medikaman pou trete VIH/SIDA, epi pou manman an pa transmèt VIH bay pitit la.

**Ki sa nou dwe konnen:** Pou trete VIH, fòk ou bay AZT ansanm ak lòt medikaman. Fòk moun nan pran medikaman an chak jou. Bay dòz yo di pou w bay la.

**Efè seconde:** dyare, kè plen, vant fè mal, vomisman. Nòmalman, pwoblèm sa yo gen pou diminye nan kè semèn.

**Chèche konkou san pèdi tan** si w wè po li blenm, oubyen si l bay lòt siy anemi (paj 116).

**Nou jwenn li nan:** konprime 300 mg; kapsil 100 mg, 250 mg; likid ki pou pran nan bouch oubyen siwo ki gen 50 mg nan 5 ml; likid ki pou fè piki ki gen 10 mg nan 1 ml, nan flakon 20 ml.



**Ki jan pou nou sèvi avè l:**

**Pou VIH/SIDA** (paj 494), bay 250 - 300 mg, 2 fwa pa jou, ansanm ak lòt medikaman.

**Pou anpeche tibebe a trape VIH pandan akouchman an** (paj 495): bay manman an 300 mg, 2 fwa pa jou, chak jou. Kòmanse lè l rive sou 14 semèn gwo sès. Lè tranche a kòmanse, bay manman an yon sèl dòz 600 mg.

**Si manman an ap bay tete**, bay 300 mg 2 fwa pa jou pandan 7 jou, ansanm ak 3TC.

**Pou yon tibebe kote manman li ki gen VIH pap bay tete**, bay tibebe a 4 mg likid nan bouch pou chak kilogram pwa li (ki fè 12 mg pou yon tibebe 3 kg), 2 fwa pa jou, pandan 6 semèn. Mete sou sa nevirapin.



**ATANSYON:** AZT ka lakòz yon anemi ki grav. Si gen posiblite pou fè tès san, verifye san fi a pou konnen kantite global wouj ki nan san l, anvan w kòmanse ba l tretman an, epi tanzantan pandan l ap suiv li, sitou si gen anpil malarya nan zòn kote li rete a.

Pa bay AZT ansanm ak stavudine (d4T).